

M konnen Sovè m nan vivan

*“Paske mwen konnen redanmtè m nan vivan, epi l ap gen pou kanpe sou latè a nan dènye jou a”
(Jòb 19:25).*





Enstriksyon pou Peryòd Echanj ak Prezantasyon Reyinyon Sentsèn Timoun yo

Chè Prezidans Primè ak Dirijan Mizik,

Ane sa a ou gen opòtinite pou ede timoun yo santi ak konprann gwo amou Sovè nou an, Jezikri, genyen pou yo. Atravè temwayaj Sentespri a, timoun yo pral aprann ke poutèt wòl santral Jezikri a nan plan Papa nou ki nan syèl la, yo kapab gen lafwa nan li. Timoun yo pral aprann tou ke lafwa yo ap grandi vin pi solid pandan y ap kenbe kòmandman yo, sèvi, pataje levanjil la, suiv egzanp Sovè a, ak prepare Dezyèm Vini l lan.

Mèsi pou angajman fidèl ou. Nou priye pou ou, epi nou gen konfyans nan kapasite ou pou renmen timoun yo ak pou anseye yo levanjil Jezikri a epi ede yo viv selon prensip li yo.

Prezidans Jeneral Primè a

Ide: Envite timoun yo pou aprann apati ekriti yo ap ede yo devlope yon lanmou tout lavi yo pou pawòl Bondye a. Planifye fason pou envite timoun yo itilize ak aprann apati ekriti yo chak semèn. Kèk timoun gen dwa pa gen ekriti. Gen lòt ki gen dwa pa ko kapab li. Aktivite aprantisaj yo nan plan sa a ak ide pou ansèyman yo nan paj 7, 12, ak 18 yo ap ba ou ide sou fason pou itilize ekriti yo pou anseye.

Enstriksyon pou Peryòd Echanj

Enstriksyon levanjil

Itilize bwochi sa a lè w ap prepare pou anseye yon leson 15 minit chak semèn pandan peryòd echanj. Ou gen dwa konplete leson semèn yo avèk lòt materyèl Legliz la apwouve, tankou *Friend* oubyen *Lyawona*. Direksyon sa yo ap ede ou planifye ak prezante leson yo.

Renmen moun w ap anseye yo. Montre amou ou pou timoun yo nan aprann non yo epi konsyan de enterè yo, talan yo, ak bezwen yo.

Anseye doktrin nan pa Lespri. Lè w ap prepare leson yo, priye pou gidans epi efòse pou w fòtifye temwayaj ou konsènan prensip w ap anseye yo. Sa ap ede ou anseye pa Lespri.

Envite aprantisaj dilijan. Bwochi sa a prepare pou ede w konnen non sèlman *kisa* pou w anseye men tou *kijan* pou w anseye ak envite aprantisaj dilijan. W ap anseye doktrin nan pi efikasman si w fè twa bagay sa yo nan chak leson:

1. **Identifye doktrin nan.** Klèman entwodui doktrin timoun yo apral aprann nan. Konsidere fason pou fè sa oralman ak vizyèlman. (Pou kèk egzanp, gade leson pou premye semèn Mas la ak premye semèn Jiyè a.)
2. **Ankouraje konpreyansyon.** Asire ke timoun yo akeri yon pwofon konpreyansyon sou doktrin nan atravè yon varyete metòd ansèyman ki angaje yo nan aprann, tankou chante chan, jwe wòl, ak li ekriti.
3. **Ankouraje aplikasyon.** Bay timoun yo opòtinite pou aplike doktrin nan nan lavi yo.

Konsidere kijan yo ka ekspri santiman yo sou doktrin nan oswa fikse yon bi anrapò ak doktrin nan.

Bwochi sa a bay leson konplè pou kèk nan semèn yo nan ane a. Ide, men non leson konplèt, enkli pou lòt semèn yo. Kore ide sa yo avèk kèk nan pa ou. Ou kapab jwenn ide nan li lòt leson yo nan bwochi sa a. Lè gen yon senkyèm Dimanch, itilize tan sa a pou repase leson anvan yo. Lespri a kapab gide ou lè w ap planifye ak prepare aktivite pou leson yo.

Travay avèk dirijan mizik la lè w ap prepare leson w yo. Chante chan yo ap ede ou ranfòse doktrin w ap anseye yo. Tanzantan ou gen dwa envite enstriktè yo ak klas yo pou ede ou ak kèk pati nan enstriksyon levanjil la.

Gen leson ki sigjere pou envite oratè pou patisipe nan Primè a. Ou dwe jwenn apwobasyon evèk ou oswa prezidan branch ou anvan w envite moun sa yo pou patisipe.

Gen plizyè ide pou ansèyman ki akonpaye leson yo ki pral ede ou amelyore kapasite ou pou anseye. Leson yo gen imaj ki ap ede ou wè kisa aktivite a sanble. Menmsi devlope talan pou anseye enpòtan, pwòp preparasyon espirituel ou ak temwayaj ou se sa ki pral envite Lespri a pou konfime doktrin sa yo nan kè timoun yo.

Tan pou chante

Mizik nan Primè a dwe etabli yon atmosfè reverans, anseye levanjil la, ak ede timoun yo santi enfluyans Sentespri a ak lajwa ki vini nan chante. Ou dwe pase 20 minit ap anseye mizik nan peryòd echanj

lan. Sa ap asire ke ou gen ase tan pou anseye nouvo mizik ak pou ede timoun yo jwi chante yo.

Bwochi sa a gen yon nouvo chan pou timoun yo aprann ane sa a (gade paj 28–29). Li gen yon

seksyon ki rele “Kijan pou itilize Mizik nan Primè a” tou (gade paj 26–27) ak ide adisyonèl pou anseye timoun yo chan yo (gade paj 3, 5, 9, ak 15).



Direksyon pou Prezantasyon Reyinyon Sentsèn nan

Sou direksyon evèk la oswa prezidan branch lan, prezantasyon reyinyon Sentsèn timoun yo fèt pandan katriyèm semès ane a. Reyini avèk konseye nan episkopa a oswa prezidans branch lan ki responsab Primè a bonè nan ane a pou pale sou plan preliminè yo. Chèche jwenn apwobasyon li lè plan yo akonpli.

Planifye pou timoun yo prezante pwogram nan baze sou tèm peryòd echanj chak mwa yo. Pandan tout ane a, kenbe nòt sou diskou timoun yo ak eksperyans pèsònèl yo pou w kapab itilize si posibil

nan prezantasyon an. Lè w ap planifye pou timoun yo pataje sa yo te aprann sou tèm ane a, panse sou fason yo kapab ede kongregasyon an konsantre sou doktrin levanjil y ap anseye yo.

Lè w ap prepare prezantasyon an, sonje direksyon sa yo:

- Pratik yo pa dwe pran tan sou klas yo ni sou fanmi yo si sa pa nesèsè.
- Videyo, kostim, ak prezantasyon medya pa apwopriye pou reyinyon Sentsèn nan.



Prezantasyon reyinyon Sentsèn

Li pa nesèsè pou bay chak timoun yon pati ekri pou yo pale. Prezantasyon efikas yo angaje timoun yo nan yon kantite mwayen.



Ide: Ou ka jwenn resous ansèyman adisyonèl tankou paj pou kolorye, istwa, ak aktivite nan Friend ak Lyawona. Itilize resous sa yo pou konplete leson w yo.

Resous yo itilize nan bwochi sa a

Abrevyasyon sa yo itilize nan tout bwochi a:

CS *Children’s Songbook*

APGPGA *Ansèyman, pa gen pi gwo apèl*

Anpil leson gen sigjesyon pou itilize imaj. Ou ka jwenn imaj yo nan *Liv Art Levanjil la*, *Bwat Imaj Levanjil la*, pake imaj manyèl Primè yo, ak revè Legliz yo ak sou entènèt nan images.lds.org.

Pwogram pou 2010

Pwogram jeneral

Gadri: *Behold Your Little Ones*; Reyon solèy: Primè 1; CBB 4–7: Primè 2; Vanyan 8–11: Primè 6

Pwogram debaz

Reyon solèy: Primè 1; CBB 4–7: Primè 2; Vanyan 8–11: Primè 4

Nou kwè nan Bondye Papa Etènèl la ak Pitit Gason li a, Jezikri

Chante: “I Know That My Savior Loves Me”
(paj 28–29 nan plan sa a oubyen *Friend*, Okt. 2002, 46–47)

“Nou kwè nan Bondye Papa Etènèl la, ak Pitit Gason li a, Jezikri, ak Sentespri a (Atik lafwa 1:1).

Konplete ide yo bay la yo avèk kèk ide pa ou. Planifye pou idantifye doktrin nan pou timoun yo epi ede yo konprann ni ak aplike li nan lavi yo. Mande tèt ou: “Kisa timoun yo pral fè pou aprann, epi kijan mwen kapab ede yo santi Lespri a?”

Ide: Priye pou gidans epi chèche enfluyans Lespri a pandan w ap prepare peryòd echanj ou yo. Lè w ap prepare ak anseye avèk Lespri a, l ap konfime verasite sa w ap anseye yo.

Semèn 1: Bondye se Papa lespri mwen.

Idantifye doktrin nan (wè yon leson objè): Montre timoun yo plizyè gan diferan epi fè yo wè kijan gan sa yo parèt diferan, menmjan nou chak parèt diferan an. Eksplike ke kèlkeswa jan nou parèt diferan, nou tout gen yon espri andedan kò nou, epi espri nou banou lavi. Pou ilistre sa, mete yon gan epi jwe dwèt ou. Eksplike ke gan an se tankou kò nou epi men an se tankou lespri nou. Fè timoun yo koute repons pou kesyon: “Kiyès ki Papa lespri mwen?” an. Pandan w ap li de premye fraz Malachi 2:10 yo. Ekri “Bondye se Papa lespri mwen” sou tablo a. Fè timoun yo li l ansanm avèk ou. Eksplike ke nou tout fè pati yon gwo fanmi—fanmi Bondye a.

sou dwèt yo pou montre konbyen moun ki gen nan fanmi yo. Di yo ke yo pral chante yon chan ki anseye sou fanmi selès yo ak fanmi etènèl yo. Mande yon timoun pou kite sal la, epi fè lòt timoun yo chwazi yon kote pou kache foto yon fanmi. Envite timoun nan pou l retounen al chèche foto fanmi an pandan timoun yo ap chante “M se pitit Bondye” (CS, 2–3). Lè timoun nan lwen foto a, fè timoun yo rete chita; amezi y ap pwoche pi pre foto a, fè timoun yo kanpe gradyèlman. Refè l avèk lòt timoun yo si tan an pèmèt ou. Pale sou mesaj chan an epi temwaye de enpòtans fanmi.

Ankouraje konpreyansyon (chante yon chan): Montre foto yon fanmi epi eksplike ke lè Papa nou ki nan Syèl la te voye nou sou tè a, li te voye nou pou n viv an fanmi. Fè timoun yo konte

Ankouraje aplikasyon (gade nan yon glas): Fè chak timoun pran tou pa yo pou gade nan yon glas. Di yo ke chak fwa yo gade nan yon glas yo dwe sonje ke y ap gade yon pitit Bondye.

Ide: Planifye fason pou idantifye doktrin nan pou timoun yo epi ede yo konprann ni ak aplike l nan lavi yo. Konsidere kijan ou kapab bay timoun yo opòtinite pou:

- Diskite doktrin nan.
- Li ekriti ki anrapò avèk doktrin nan.
- Vizyalize doktrin nan.
- Chante chan ki anrapò ak doktrin nan.
- Fè yon aktivite fizik anrapò ak doktrin nan.

Leson objè

“Leson objè yo relye prensip enpalpab yo ak bagay fizik fanmiye yo” (APGPGA, 164). Leson objè sa a ap ede timoun yo konprann nati lespri yo anrapò avèk kò fizik yo.




Semèn 2: Jezikri se Pitit Gason Bondye.

Ankouraje konpreyansyon (li ekriti yo): Mete twa foto sou tablo a: Jan Batis k ap batize Jezi, Kris parèt devan Nefit yo, ak Premye Vizyon an. Divize timoun yo an twa gwoup, epi bay chak gwoup youn nan ekriti sa yo: Matye 3:16–17; 3 Nefi 11:6–8; Joseph Smith—Istwa 1:17. Fè yo pale sou ekriti a



nan gwoup yo a epi apres a bay rès timoun yo rapò (1) evenman an, (2) kisa Papa nou ki nan Syèl la te di, ak (3) kijan yo t ap santi yo si yo te la lè sa a. Envite yon timoun pou li Jan 5:39. Eksplike ke nou kapab gen yon temwayaj ke Jezikri se Pitit Gason Bondye lè nou li ekriti yo epi priye.



Ide: Èldè Dallin H. Oaks te di: “Nou bezwen pi plis itilize kantik nou yo pou mete nou annakò avèk Lespri Senyè a, pou inifye nou, ak pou ede nou anseye ak aprann doktrin nou an.” (nan Conference Report, Okt. 1994, 13; oswa Ensign, Nov. 1994, 12). Refere ak ide ak aktivite nan plan sa yo pou aprann yon varyete fason ou kapab itilize mizik nan peryòd echanj.

Semèn 3 ak 4: Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri renmen mwen.

Ankouraje konpreyansyon (jwe yon jwèt devinèt epi chante): Fè pyanis la jwe de premye nòt yon chan ki anseye sou lanmou Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri pou nou, epi fè timoun yo devine ki chan. Ajoute yon nòt chak fwa jiskaske timoun yo devine kòrèkteman. Chante chan an ansanm epi apres a pale sou kisa chan an anseye sou lanmou Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri pou nou. Fè lis ide timoun yo sou tablo a. Repete avèk chak chan. Konsidere itilize chan sa yo: “My Heavenly Father Loves Me” (CS, 228–29), “Thanks to Our Father” (CS, 20), “I Feel My Savior’s Love” (CS, 74–75), ak “I Am a Child of God” (CS, 2–3).

Ankouraje aplikasyon (desen): Bay chak timoun yon moso papye epi fè yo desine yon fason yo konnen Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri

renmen yo. Ou gen dwa refere timoun yo a lis ide ou te ekri sou tablo a nan aktivite anlè a. Tepe imaj yo ansanm, epi montre yo an woulo (gade APGPGA, 178–79). Pandan timoun yo ap gade, fè pyanis la jwe youn nan chan ki nan lis anlè a.

Ankouraje konpreyansyon ak aplikasyon (patisipe nan yon aktivite fizik): Ekri kèk egzanp sou fason Papa nou ki nan Syèl la montre amou li pou nou ak fason nou montre amou nou pou li sou moso papye separe. Mete moso papye yo nan yon veso, epi fè timoun yo tire yo youn apre lòt. Li yo chak byen fò. Si se yon bagay ki montre amou Papa nou ki nan Syèl la pou nou, fè timoun yo leve yon bra. Si l montre amou nou pou Papa nou ki nan Syèl la, fè yo mete men yo sou kè yo.

Èd pou dirijan mizik la

Pou ede timoun yo aprann “I Know That My Savior Loves Me” (paj 28–29 nan plan sa a), konsidere bagay sa yo:

Montre yon foto Sovè a k ap beni timoun Nefit yo, rakonte timoun yo istwa ki nan 3 Nefi 17:11–24 la nan pwòp mo pa yo. Chante premye liy chante a

pou timoun yo, epi fè yon aksyon pou ale avèk fraz “bèl plas” la (tankou louvri bra ou laj). Fè timoun yo chante oubyen fè aksyon an avèk ou. Envite timoun yo pou panse sou aksyon ki ale avèk chak liy chan an. Apres a chante epi fè aksyon yo ansanm.



Timoun yo renmen wè pwòp travay atistik yo fè. Si w fè yon bwat woulo, ou ka itilize l ankò pou lòt leson. Aktivite sa a kapab fèt lè ou tepe imaj yo ansanm vin fè yon woulo.

Jezikri se Sovè mwen ak Redanmtè mwen

Chante:
“He Sent His Son”
 (CS, 34–35)

“Paske Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li pap pèdi lavi yo. Okontrè ya va gen lavi ki pap janm fini an” (Jan 3:16).

Konplete ide yo bay la yo avèk kèk nan ide pa ou. Planifye pou idantifye doktrin nan pou timoun yo epi ede yo konprann ni ak aplike li nan lavi yo. Mande tèt ou: “Kisa timoun yo pral fè pou aprann, ak kijan m kapab ede yo santi Lespri a?”

ide: Timoun yo ap konprann doktrin yo pi byen lè yo konekte avèk yon bagay yo deja konnen. Lè w ap kòmanse chak leson, repase doktrin ki te anseye nan semèn anvan an epi konekte li avèk verite k ap anseye jou sa a.

Aprann pa mwayen mouvman

Timoun yo ap aprann pi byen epi sonje pi lontan lè yo angaje atravè mouvman fizik.

Semèn 1: Jezikri se Sovè ak Redanmtè mwen

Ankouraje konpreyansyon (gade imaj yo epi li ekriti yo): Mete foto Dènye Soupe a, Kris nan Jetsemani a, Krisifiksyon an, ak Rezirèksyon an toutotou sal la. Montre foto yo epi di timoun yo ke sa yo se evenman nan dènye semèn lavi Sovè a. Di timoun yo ou pral li yon ekriti ki ale avèk youn nan imaj yo. Mande yo pou yo panse an silans sou ki imaj ki matche avèk ekriti a. Li Lil 22:13–14,

19–20. Fè chak moun kanpe epi fè fas ak imaj ki matche a. Diskite kisa k ap fèt nan imaj la. Repete avèk lòt imaj (Jetsemani: Lik 22:39–44; Krisifiksyon: Lik 23:33–34, 46; Rezirèksyon: Jan 20:11–18). Chante yon chan tankou “He Sent His Son” (CS, 34–35) oubyen “To Think about Jesus” (CS, 71). Temwaye ke Jezi te mouri pou nou pou nou kapav viv avèk Papa nou ki nan Syèl la ankò.



Semèn 2 ak 3: Gras avèk Ekspyasyon Jezikri a, tout limanite ap sove.

Idantifye doktrin nan (memorize yon atik lafwa): Ekri twazyèm atik lafwa a sou tablo a epi envite timoun yo pou yo repete l avèk ou plizyè fwa. Brèfman eksplike tout pawòl timoun yo pa konprann. (Pa egzanp, Ekspyasyon an se sa Jezi te fè pou rann posib pou nou repanti epi retounen al jwenn Bondye.) Efase youn oubyen de pawòl epi repete l ansanm ankò. Repete pou ede timoun yo memorize li.

Ankouraje konpreyansyon (mime yon istwa): Rakonte istwa sa a epi envite timoun yo pou yo kanpe pou mime li avèk ou. “Yon mesye t ap

mache sou yon wout (mache anplas). Li tonbe nan yon gwo twou (chita). Li eseye epi eseye men li pa t kapab soti nan twou a (pretann w ap eseye sòti). Li rele pou mande èd (mande èd dousman). Yon lòt mesye t ap mache sou menm wout la. Li te tande mesye a ap mande èd (dousman mande èd ankò). Li desann yon nechèl nan twou a. Mesye a monte nechèl la soti nan twou a (fè tankou w ap monte yon nechèl). Mesye a te sove.” Pale sou kijan mesye a te dwe santi li lè l te nan twou a ak lè yo te vin sove l la. Di timoun yo ke lè nou fè sa k pa bon oubyen nou peche, se kòm si nou tonbe nan yon gwo twou ke nou pa kapab soti ladan poukont nou. Montre

yon foto Jezi epi di timoun yo ke menmjan yon moun te ede mesye a soti nan twou a, Jezikri kapab ede nou epi sove nou pou nou kapab retounen al viv avèk Papa nou ki nan Syèl la ankò.

Ankouraje aplikasyon (li epi diskite sou yon ekriti): Envite timoun yo pou li Alma 7:11–12 epi chèche kisa Jezi fè pou nou. Mande kèk timoun pou pataje sa yo jwenn. Di timoun yo ke Jezi konpann lè nou blese, tris, pè, oubyen malad. Li ka ede nou simonte bagay sa yo. Ekri deklarasyon sa yo sou tablo a:

Mwen rekonesan pou Sovè a paske _____.

Sovè a ap ede m _____.

Envite kèk timoun pou yo pataje kijan yo ta fini fraz sa yo, oubyen fè tout timoun yo pataje repons yo avèk moun ki chita bò kote yo a.

Semèn 4: Jezikri te resisite, e nou tout ap resisite tou.

Ankouraje konpreyansyon (gade imaj yo epi jwe yon jwèt devinèt): Divize timoun yo an gwoup epi bay chak gwoup yon foto yon evenman anrapò avèk Rezirèksyon an (pa egzanp, ou gen dwa itilize imaj Krisifikasyon yo, antèman Kris la, ak tonm vid la, Mari ak Senyè resisite a, ak Jezi k

ap montre disip li yo blese l yo). Di yo pou yo pa kite lòt gwoup yo wè foto yo. Fè chak gwoup bay kèk tipoul pou ede lòt timoun yo devine kisa k ap pase nan imaj la. Lè yo devine kòrèkteman, montre lòt gwoup yo imaj la. Eksplike ke paske Jezikri te resisite, nou tout pral resisite.



Timoun renmen patisipe nan aprann.

Lè w ap planifye peryòd echanj ou yo, panse sou fason pou enkli plis timoun nan aktivite aprantisaj yo. Pa egzanp, aktivite sa a enplike yon ti gwoup timoun olye youn oubyen de endividi.

Èd pou dirijan mizik la

Pou ede timoun yo aprann “He Sent His Son” (CS, 34–35), konsidere sa yo:

- Pandan w ap chante, fè timoun yo konte sou dwèt yo konbyen fwa yo chante pawòl “Li te voye pitit gason l lan” oubyen fè yo kanpe lè

y ap chante kesyon yo epi chita lè y ap chante repons yo.

- Divize timoun yo an de gwoup. Fè mwaye chante kesyon yo nan chante a epi lòt mwaye a reponn nan chante repons yo.

Ide: Timoun aprann atravè mouvman ak aktivite. Angaje yo pandan w ap rakonte yon istwa nan fè yo fè mouvman ak aksyon senp. Apre yon aktivite, ou ka ede yo prepare pou pwochen moman aprantisaj la pandan w ap fini aktivite a oswa je a avèk reverans. Pa egzanp, fè timoun yo chante kèk liy yon chante dousman, oubyen kenbe men ou ansanm devan ou epi envite timoun yo pou gade ou pandan w ap chante. Pi pre ou bouje men w ansanm, se pi dousman pou yo chante. Remèsye yo pou reverans yo.

Bondye pale atravè Pwofèt

Chan:
Follow the Prophet
(CS, 110–11)

Ide: Timoun yo ap santi Lespri a lè yo pataje temwayaj yo sou prensip levanjil yo. Yo kapab pataje sa yo te aprann atravè mo, art, ak chan.

“Li te pale pa mwayen bouch pwofèt li yo, depi nan tan lontan.” (Lik 1:70).

Konplete ide yo bay la yo avèk kè pa ou. Planifye pou idantifye doktrin nan pou timoun yo epi ede yo konprann ni ak aplike li nan lavi yo. Mande tèt ou: “Kisa timoun yo pral fè pou aprann, ak kijan m kapab ede yo santi Lespri a?”

Semèn 1: Pwofèt yo aple pa Bondye.

Idantifye doktrin nan (dekòde mo yo): Ekri chak mo sa yo sou moso papye apa: Pwofèt, yo, aple, pa, Bondye. Bay senk timoun moso papye yo. Ranje timoun yo devan nan Primè a pou mo yo pa parèt nan lòd. Envite lòt timoun yo pou ranje mo yo nan lòd kòrèk. Repete fraz la ansanm.

Ankouraje konpreyansyon (li ekriti): Prepare poul sou fason Moyiz, Leyi, ak Joseph Smith te aple pa Bondye. Pa egzanp, poul sou Moyiz yo kapab se: “M te aple pa Bondye lè l te pale avèk mwen nan yon touf bwa k ap brile”; “Bondye te aple m pou m ekri premye senk liv yo nan Bib la”; ak “Bondye te aple m pou m te dirije pèp li a soti an Ejipt.” Chwazi twa timoun pou reprezante pwofèt sa yo, epi envite yo pou bay timoun Primè yo poul. Envite timoun yo pou leve men yo lè yo panse yon konnen kiyès pwofèt la ye. Fè timoun

yo di repons la ansanm. Apre yo fin idantifye chak pwofèt, li yon ekriti sou pwofèt sa a (Moyiz: Egzòd 3:4–5; Leyi: 1 Nefi 1:5–6; Joseph Smith: Joseph Smith—Istwa 1:16–17). Montre ke Moyiz te aple pa Bondye, Leyi te aple pa Bondye, epi Joseph Smith te aple pa Bondye. Di timoun yo ke tout pwofèt yo aple pa Bondye.

Ankouraje aplikasyon (diskite ak mime ide): Mande timoun yo: “Kiyès ki pwofèt nou jodia?” Montre yon foto Prezidan Legliz aktyèl la. Eksplike ke li te aple pa Bondye. Fè timoun yo pale nan gwoup klas sou fason yo kapab suiv pwofèt aktyèl la. Envite yon timoun nan chak klas pou vin devan pou mime youn nan sa yo te diskite nan gwoup yo a. Envite lòt timoun yo pou yo devine kisa aksyon an ye. Mande timoun nan pou pataje kijan suiv pwofèt la nan fason sa a ap beni lavi li.

Semèn 2: Pwofèt yo temwaye konsènan Jezikri.

Ankouraje konpreyansyon (gade imaj ak li ekriti): Anvan peryòd echanj lan, mete yon foto Jezikri sou tablo a epi kouvri li avèk foto pwofèt sa yo: Ezayi, Jan Batis, Nefi, ak Joseph Smith. Bay chak klas youn nan ekriti sa yo: Ezayi 9:6; Mak 1:6–8; 2 Nefi 25:26; Doktrin ak Alyans 76:20–24. Fè timoun yo li ekriti a avèk klas yo a epi idantifye

ki pwofèt k ap temwaye ak kisa li temwaye konsènan Jezikri. Fè yon klas montre foto pwofèt yo li sou li a epi pataje avèk Primè a sa yo te aprann. Mete foto pwofèt la sou tablo a. Repete sa avèk twa lòt pwofèt yo. Montre foto Kris la epi di timoun yo ke tout pwofèt yo temwaye konsènan Jezikri.

Idantifye doktrin yo

Lè w ap fè yon aktivite, klèman idantifye doktrin w ap anseye a. Sa ede timoun yo konprann ak aplike li pi byen.

[Klike la a pou bann mo.](#)



Semèn 3: Gen sekirite nan suiv pwofèt la.

Ankouraje konpreyansyon (patisipe nan yon aktivite fizik): Montre yon foto Moyiz, epi eksplike ke Moyiz sete yon pwofèt ki te dirije pèp li al nan sekirite. Eksplike ke Izrayelit yo te nan esklavaj anba Farawon, wa Ejip la, epi Senyè a te di Moyiz pou l te dirije yo soti an Ejip (gade Egzòd 3:10). Rakonte istwa nan Egzòd 14 la, epi envite timoun yo pou yo mime li avèk ou. Pa egzanp: “Pèp la te suiv Moyiz atravè dezè a (*mache anplas*). Yo te vin bò lanmè a (*fè vag avèk bra ou*). Pèp la te gade dèyè (*gade dèyè*) epi yo te wè Farawon ak lame l yo ki t ap suiv yo (*fè bri cheval k ap*

kouri pandan w ap frape men ou sou janm ou). Yo te efreye (*montre ou pè*.” Li Egzòd 14:13, epi apres a kontinye avèk istwa a. “Senyè a te di Moyiz pou l te leve baton l lan (*pretann w ap leve yon baton*), epi lanmè a te separe ande (*lonje bra w separe*). Moun yo te suiv Moyiz an sekirite travèse lanmè a ale nan tè sèk nan lòtbò dlo a (*mache anplas*). Lè lame Farawon an te eseye suiv yo, Senyè a te di Moyiz pou l te lonje baton l lan ankò, epi dlo yo te retounen vin ansanm (*pote bra ansanm*). Lame Farawon an te nwaye nan lanmè a. Moun yo te an sekirite paske yo te suiv pwofèt la.”



Kisa timoun yo pral fè pou aprann?

Poze kesyon sa a pandan w ap prepare aktivite ap ede timoun yo aprann atravè patisipasyon. Pa egzanp, nan foto sa a timoun yo ap mime istwa Moyiz k ap separe Lanmè Wouj la.



Ide: Fè timoun yo li nan ekriti yo ranfòse enpòtans ekriti yo epi envite Lespri a. Si posib, envite timoun yo pou gade omwen youn nan referans yo avèk ou. Ou kapab ede timoun yo jwenn referans nan bayo nimewo paj la epi montre vèsè a nan ekriti w yo. Panse li vèsè a ansanm byen fò.

Semèn 4: Bondye pale atravè pwofèt yo.

Konsidere repase doktrin timoun yo aprann mwa sa yo pandan peryòd echanj yo. Pa egzanp, ou kapab:

- Repete oubyen etann kèk nan aktivite k te fèt nan peryòd echanj anvan yo.
- Montre timoun yo foto pwofèt aktyèl la epi di: “Si ou konn kiyès moun sa a ye, leve men ou.”

Mande timoun yo pou chichote non li bay vwa-zen yo. Envite plizyè timoun pou pataje kijan yo santi yo osijè pwofèt la.

- Chante refren “Follow the Prophet” la (CS, 110–11) pandan timoun yo ap mime sa yo pral fè pou suiv pwofèt la.

Ide: Mwa sa a ou te itilize metòd ansèyman sa yo: dekode mo, li ekriti, dis-kite ak mime ide, gade ekriti, patisipe nan aktivite fizik, ak repase aktivite anvan yo. Chèche fason ou kapab itilize teknik sa yo nan lòt leson.

Jezikri retabli plenitid levanjil la atravè Joseph Smith

Chante:
“Legliz Jezikri a”
 (CS, 77)

Ide: divize an gwoup pèmèt plis timoun patisipe. Konsidere lajè primè w la ak konbyen gwoup w ap bezwen pou pèmèt tout timoun yo enplike nan aktivite a (gade semèn 1).

“Nou kwè nan menm òganizasyon ki te egziste nan Legliz primitiv la” (Atik Lafwa 1:6).

Konplete ide yo bay la yo avèk kèk pa ou. Planifye pou idantifye doktrin nan pou timoun yo epi ede yo konprann ni ak aplike li nan lavi yo. Mande tèt ou: “Kisa timoun yo pral fè pou aprann, ak kijan m kapab ede yo santi Lespri a?”

Semèn 1: Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri te parèt devan Joseph Smith.

Idantifye doktrin nan (li ekriti yo): Di timoun yo ke Jezikri te etabli Legliz li a lè l t ap viv sou tè a. Jodi a nou rele legliz sa a “Legliz Primitif” la. Eksplike ke pa lontan apre Jezi te mouri, yo te retire levanjil li a sou tè a epi anpil ane apre li te retabli levanjil la atravè Joseph Smith. Prepare kat bann mo, chak avèk youn nan fraz sa yo:

1. Joseph Smith li nan Bib la, “Si nenpòt nan nou _____, se pou li mande Bondye.”(Joseph Smith—Istwa 1:11)
2. Joseph Smith te ale nan _____ pou _____.(Joseph Smith—Istwa 1:14)
3. Joseph te wè yon kolòn _____ anlè tèt li.(Joseph Smith—Istwa 1:16)
4. Papa nou ki nan Syèl la te montre Jezikri epi li te di, “Se _____ mwen.” (Joseph Smith—Istwa 1:17)


Divize timoun yo an kat gwoup, epi bay chak gwoup yon bann mo. Envite yo pou li ekriti yo pou jwenn pawòl ki manke yo. Fè yo chichote repons lan youn bay lòt olye yo ranpli espas blanch yo sou papye a. Fè timoun yo pase bann mo yo bay youn lòt gwoup, epi repete sa jiskaske chak gwoup jwenn tout repons yo. (Repons: 1. manke bon konprann; 2. boskè, priye; 3. limyè; 4. Pitit Gason Byeneme)

Ankouraje konpreyansyon: Konsidere itilize aktivite, vizyèl, ak maryonèt nan manyèl gadri a, *Men timoun piti nou yo*, pou ede timoun yo konprann ke Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri te parèt devan Joseph Smith (gade paj 88–91).

Semèn 2: Joseph Smith te tradui Liv Mòmmon an pa pouvwa Bondye.

Ankouraje konpreyansyon (li ak diskite yon ekriti): Ekri *pouvwa Bondye* sou tablo a pandan w ap itilize yon kòd (pa egzanzp, ou kapab ranplase chak lèt pa yon senbòl). Mande si yon moun ka li mesaj la. Ekri yon kle sou tablo a ki montre ki lèt senbòl yo ranplase, epi fè timoun yo travay an gwoup pou dekode mesaj la. (Raple timoun yo

pou yo pa repete repons lan fò.) Li fraz la ansam. Li Doktrin ak Alyans 1:29. Eksplike ke Joseph Smith pa t ka li sa k te ekri sou plak lò yo san èd Senyè a. Envite timoun yo pou pataje sa yo konnen sou fason Joseph Smith te kapab tradui Liv Mòmmon an. Envite plizyè timoun pou pataje kijan yo santi yo osijè Liv Mòmmon an.




Idantifye doktrin

Klèman idantifye doktrin w ap anseye a. Sa ap ede timoun yo konprann ak aplike l pi byen. Panse sou fason pou fè timoun yo wè pawòl doktrin nan epi angaje yo pou memorize yo.

Semèn 3 ak 4: Jezikri retabli levanjil la atravè Joseph Smith.

Idantifye doktrin nan epi ankouraje konpreyansyon (*rasanble yon puzzle*): Raple timoun yo ke pa lontan apre Jezi te mouri, yo te retire levanjil li a sou tè a epi nan apre li te retabli li atravè Joseph Smith. Eksplike ke retabli vle di retounen mete ankò. Desine yon senp foto yon legliz ekri konsa (gade Efezyen 2:20; 4:11–13). Eksplike ke lè Kris la te sou tè a li te etabli legliz li. Koupe foto a an pyès pandan w ap anseye yo sou Apostazi. Fè timoun yo rasanble (retabli) foto a pandan y ap koute pyanis la ap jwe “On a Golden Springtime” (CS, 88). Chante twazyèm koupè a.



[Klike la a pou desen.](#)

Ankouraje konpreyansyon (*koute oratè envite*): Envite kèk manm pawas la pou vini nan Primè a pou reprezante moun ki te patisipe nan Retablisman yo (tankou Joseph Smith [gade Joseph Smith—Istwa 1:8–20], zanj Mowoni [gade Joseph Smith—Istwa 1:29–35, 42–49], Twa temwen yo [gade “Temwayaj twa temwen yo”], oswa Jan Batis [gade D&C 13]). Yo gen dwa anvi mete senp kostim. Divide timoun yo an gwoup. Envite vizitè yo pou anonse kiyès yo ye epi fè timoun yo di kisa yo konnen sou yo. Fè vizitè yo pataje temwayaj yo sou moun y ap dekri yo.

Panse itilize yon desen menmjan ak sa a nan aktivite sa a. Si Primè w la gran, panse fè timoun yo konplete aktivite sa a an ti gwoup.



Ide: Nou pa dwe jwe wòl Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri nan yon dramatisasyon.

Èd pou dirijan mizik la

Pou ede timoun yo aprann “The Church of Jesus Christ” (CS, 77), panse bagay sa yo:

- Mande timoun yo pou kanpe si yo apatni a yon fanmi. Repete pou lòt gwoup yo gen dwa apatni, tankou yon ekip, yon klèb, yon legliz. Fè timoun yo eksplike kisa *apatni* vle di (ke ou se



yon pati enpòtan yon bagay). Entwodui chan an nan montre yon foto Jezikri epi fè timoun yo li ansanm Doktrin ak ALyans 115:4.

- Entwodui chak fraz chan an kote w ap fè timoun yo koute repons pou kesyon an pandan w ap chante fraz la pou yo. (Pa egzanp: Ak kisa m apatni? Ki de bagay mwen konnen? Kijan m pral suiv li?) Apresa fè timoun yo chante fraz la avèk ou. Kontinye jiskaske timoun yo aprann tout chan an.
- Divize Primè a an de gwoup epi fè yon gwoup chante sèlman de premye mo chak fraz (*Mwen apatni, mwen konnen, elatriye*), epi fè lòt gwoup la konplete fraz la. Chanje gwoup epi repete.

Ide: Enkli chan Primè yo nan ansèyman ou. Sa ap ede timoun yo sonje sa yo te anseye yo. “Nou kapab santi ak aprann byen vit atravè mizik . . . kè bagay espiyèl nou ta aprann lantman otreman” (Boyd K. Packer, nan APGPGA, 46).

Prensip ak òdonans levanjil yo mennen m nan Jezikri

Chante yon chan ou chwazi nan *Children's Songbook* la

“Nou kwè premye prensip ak òdonans levanjil yo se: *premyèman, Lafwa nan Senyè a Jezikri; dezyèmman, Repantans; twazyèmman, Batèm pa imèsyon pou remisyon peche yo; katriyèmman, Enpozisyon men pou don Sentespri a*” (Atik lafwa 1:4).

Konplete ide yo bay la yo avèk kèk ide pa ou. Planifye pou idantifye doktrin nan pou timoun yo epi ede yo konprann ni ak aplike li nan lavi yo. Mande tèt ou: “Kisa timoun yo pral fè pou aprann, ak kijan m kapab ede yo santi Lespri a?”

Ide: Envite timoun yo pou pataje an ti gwoup bay plis timoun opòtinite pou patisipe. Nan peryòd echanj, timoun yo deja chita an gwoup klas. Gwoup sa yo ka itilize pou aktivite ti gwoup. enstriktè klas yo kapab ede asire patisipasyon ak kenbe reverans.


Semèn 1: Lafwa m nan Jezikri fòtifye lè m obeyi.

Idantifye doktrin nan (aprann yon atik lafwa):

Mete yon foto Jezikri sou tablo a. Desine yon eskalye avèk kat mach ki mennen nan foto a. Di katriyèm atik lafwa a ansanm, epi envite timoun yo pou site premye prensip ak òdonans levanjil yo pandan w ap ekri yo sou eskalye apwopriye yo. Konte sou dwèt ou pandan w ap di chak prensip ak òdonans. Panse sou fason pou ede timoun yo memorize katriyèm atik lafwa a.

Ankouraje konpreyansyon (chante yon chan):

SChante “Faith” (CS, 96–97). Fè yon bann mo pou chak fraz dezyèm vèsè a. Divize timoun yo an kat gwoup epi bay chak gwoup yon bann mo. Fè chak gwoup kanpe pou chante liy pa yo a nan plas apwopriye a nan chan an. Fè de gwoup chanje bann mo, epi repete jiskaske chak gwoup chante chak liy. Envite timoun yo pou mime fason yo ka obeyi. (Sa kapab fèt nan gwoup yo oubyen avèk tout Primè a.) Pataje avèk timoun yo yon eksperyans ki te fòtifye lafwa ou nan Jezikri.



Itilize tablo a

Yon tablo kapab yon zouti ansèyman efikas. Itilize senp liy desen pou ede anseye prensip levanjil yo.

Semèn 2: Mwen ka repanti.

Ankouraje konpreyansyon ak aplikasyon

(*diskite ka etid*): Eksplike ke gras avèk Jezikri, lè nou fè yon move bagay nou ka repanti, sa vle di nou sispann peche epi nou tounen vè Bondye. Eksplike ke repantans enkli santi remò, mande padon, fikse sa k pa bon an, epi pa refè l ankò. Brèfman eksplike etap sa yo, mete aksan sou

fason Sovè a ka ede nou. Divize timoun yo an gwoup epi bay chak gwoup yon ka etid. Fè yo li ka a epi diskite kisa yo ap fè pou repanti. Pa egzanp, yon moun fache epi li frape frè li oswa a. li. Kisa l dwe fè? Eksprime gratitud pou opòtinite Jezikri banou pou repanti a.

Semèn 3: Lè m batize mwen fè yon alyans avèk Bondye.

Idantifye doktrin nan (apran sou pwomès): Demontre kisa yon pwomès ye, envite de timoun vin devan. Fè premye timoun nan di: “Mwen pwomèt pou m _____ (prete w liv mwen an) si w ap pwomèt pou _____ (retounen li).” Fè dezyèm timoun nan dakò epi bay premye timoun nan lamèn. Eksplike ke yon alyans se yon pwomès de sans ant nou menm ak Bondye. Ekri sou yon bò tablo a “Bondye pwomèt” epi sou lòt bò a “Nou pwomèt.” Eksplike ke lè nou batize, nou fè Bondye pwomès epi li fè nou pwomès.

Ankouraje konpreyansyon (chante chan): Prepare alavans moso papye separe avèk pwomès ak chan sa yo: Pran non Jezikri sou nou (“The Church

of Jesus Christ” [CS, 77]); Toujou sonje li (“To Think about Jesus” [CS, 71]); Kenbe kòmandman I yo (“Keep the Commandments” [CS, 146–47]); Gen Lespri li avèk nou (“The Holy Ghost” [CS, 105]); Retounen viv avèk li (“I Am a Child of God,” kouplè 3 [CS, 2–3]). Mete moso papye yo nan yon veso. Fè yon timoun rale yon papye epi li pwomès la. Mande timoun yo: “Kiyès k ap fè pwomès la, Bondye oubyen nou menm?” Ekri pwomès la sou tablo a anba tit kòrèk la. Fè timoun yo chante chan an epi pase veso a jiskaske chan an fini. Fè timoun ki kenbe veso a lè chan an fini a rale yon lòt papye. Repete avèk chak chan. Repase pwomès yo epi temwaye sou enpòtans alyans batèm nan.



Timoun antanke vizyèl

Utilize timoun yo nan demonstrasyon vizyèl ap atire atansyon yo epi prepare yo pou aprann. Pa egzanp, peryòd echanj sa a kòmanse avèk timoun k ap demontre konsèp yon pwomès.



Ssemèn 4: Lè m konfime mwen resevwa don Sentespri a.

Idantifye doktrin nan (gade yon foto epi chante yon chan): Montre yon foto yon timoun k ap konfime epi mande timoun yo kisa k ap fèt la. Mande: “Kisa don Sentespri a ye?” Mete aksan ke don Sentespri a se dwa pou n gen konpayi konstan Sentespri a. Chante “The Holy Ghost” (CS, 105).

Ankouraje konpreyansyon (poze kesyon): Envite yon detantè Prèttriz Mèlkisedèk pou vin nan

Primè a. Bay plizyè timoun kesyon pou mande li, tankou: “Ki Prèttriz ou detni? Kijan ou te resevwa Prèttriz la? Kijan ou konfime yon moun yon manm Legliz la? Kisa “enpozisyon men” vle di? Kisa sa vle di “resevwa Sentespri a”? Kijan Sentespri a ka ede m? Envite timoun yo pou pataje eksperyans yo sou fason Sentespri a te ede yo.

Ide: Lè timoun yo pataje santiman yo sou levanjil la, sa envite Lespri a. Ede timoun yo konprann ke santiman lapè ak lanmou yo santi yo vini soti nan Sentespri a. Konsantrasyon peryòd echanj la nan semèn 4 la dwe sou timoun yo k ap pataje kijan Sentespri a te ede yo. Asire ke ou kreye yon atmosfè reve-ran pou sa kapab fèt.

Sentespri a temwaye verite tout bagay

Chante: “Sentespri a”
(CS, 105)

“Pa pouvwa Sentespri a nou kapab konnen verite tout bagay ” (Mowoni 10:5).

Konplete ide yo bay la yo avèk kèk ide pa ou. Planifye pou idantifye doktrin nan pou timoun yo epi ede yo konprann ni ak aplike li nan lavi yo. Mande tèt ou: “Kisa timoun yo pral fè pou aprann, ak kijan m kapab ede yo santi Lespri a?”

Semèn 1: Sentespri a se twazyèm manm Divinite a.

Idantifye doktrin nan (memorize yon atik lafwa): Ede timoun yo memorize premye atik lafwa a pandan w ap divize yo an twa gwoup. Montre yon gwoup epi fè yo di: “Nou kwè nan Bondye, Papa Etènèl la.” Montre yon lòt gwoup epi fè yo di: “Ak nan Pitit Gason li a, Jezikri.” Montre twazyèm gwoup la epi fè yo di: “Ak nan Sentespri a.” Repete, bay chak gwoup yon tou pou repete chak fraz. (Ou gen dwa fè timoun ki pi piti yo leve dwèt yo pou chak fraz.) Eksplike ke Papa nou ki nan Syèl la, Jezikri, ak Sentespri a se twa manm Divinite a. Di timoun yo ke Sentespri a se yon espri, san yon kò chè ak zo.

Ankouraje konpreyansyon ak aplikasyon (li ekriti epi pataje eksperyans): Envite timoun yo pou louvri ekriti yo epi li Doktrin ak Alyans 130:22 ansanm. Mande yo pou yo koute poukisa

Sentespri a pa gen yon kò. Li Doktrin ak Alyans 8:2. Fè timoun yo montre tèt yo lè ou di “lespri” ak kè yo lè w di “kè.” Pataje egzanp sou fason Sentespri a ka pale nan lespri nou ak nan kè nou (gade Galat 5:22). Panse fè timoun yo pataje lè yo te santi enfluyans Sentespri a.

Ankouraje konpreyansyon ak aplikasyon (diskite wòl Sentespri a): Divize timoun yo an senk gwoup. Bay chak gwoup youn nan referans ekriti sa yo, epi fè yo idantifye kijan Sentespri a ede nou: Jan 14:26 (rekonfòte ak anseye); 2 Nefi 32:5 (di nou sa nou dwe fè); Mozya 5:2 (chanjman nan kè nou); Mowoni 8:26 (ranpli nou avèk espwa ak lanmou); Doktrin ak Alyans 20:27 (temwaye de Kris la). Envite chak gwoup pou rakonte rès Primè a sa yo te aprann.

Ide: Li enpòtan pou timoun yo aprann verite levanjil yo nan ekriti yo. Ede timoun yo konsantre ak koute lè y ap li ekriti yo. Menm timoun piti yo ka koute yon mo oubyen de mo espesifik pandan w ap li yon vèsè.

Semèn 2: Sentespri a pale avèk yon ti vwa dous, piti.

Idantifye doktrin nan (aprann koute): Nan yon ti vwa piti di: “Tout moun ki ka tandè vwa mwen, mete dwèt nou sou nen nou. Tout moun ki ka tandè vwa mwen, mete men nou sou tèt nou.” Kontinye, pandan w ap deziyen lòt pati nan kò a, jiskaskè tout timoun yo koute vwa piti w la. Ou ka fini nan mande yo pou yo kwaze bra yo. Montre ke malgre ou te pale piti, lè timoun yo te koute, yo te ka tandè vwa ou ak obeyi enstriksyon w yo. Eksplike ke Sentespri a pale avèk nou nan yon ti vwa dous, piti.

Ankouraje konpreyansyon (patisipe nan yon aktivite fizik): Bouche je yon timoun epi mennen

l nan yon kote diferan nan sal la. Di timoun nan: “Si w kwè nan mwen epi koute mwen, m ap gide ou retounen nan chèz ou.” Avèk yon ti vwa dous bay timoun nan direksyon pou mennen l retounen an sekirite nan chèz la. Mande, “Kijan sa tankou fason Sentespri a gide nou?” Montre kijan Sentespri a kapab konpare avèk Lyawona a pandan w ap pataje istwa flèch kase Nefi a (gade 1 Nefi 16:18–32). Konsidere itilize aksyon yo jan yo demontre nan lòt leson yo nan plan sa a (gade Mas, semèn 3, oswa Out, semèn 4). Eksplike ke menmjan Lyawona a te dirije moun yo selon lafwa yo ak dilijans yo a, Sentespri a ap dirije nou tou selon ladwati nou lè nou koute vwa li.

Semèn 3: Sentespri a ka gide nou ak pwoteje nou.

Ankouraje konpreyansyon (koutè istwa yo):

Envite kèk manm pawas la pou pataje istwa sou fason Sentespri a gide nou ak pwoteje nou. Yo ka pataje yon eksperyans pèsonèl nan ekriti yo oubyen nan istwa legliz la (pa egzanp, gade *Enseignements des Présidents de l'église: Wilford Woodruff* [2004], 46–47 Divize timoun yo an gwoup epi fè tou gwoup yo oubyen tou moun k ap rakonte istwa yo jiskaskè chak gwoup tande tout istwa yo. Fè timoun yo fredone “The Holy Ghost” (CS, 105) pandan y ap pran tou pami moun k ap di istwa yo.

Ankouraje konpreyansyon ak aplikasyon (aktivite sou tablo):

Divize tablo a an de kolòn. Ekri “desizyon enpòtan” nan tèt yon kolòn epi “Envite Sentespri a” nan tèt lòt la. Fè timoun yo ranpli premye kolòn nan nan koutè desizyon enpòtan yo pral fè pandan tout lavi yo. Apre sa fè yo ranpli dezyèm kolòn nan avèk sa yo pral fè pou envite Sentespri a nan lavi yo pou yo ka resevwa èd nan pran desizyon sa yo.



Ide: Yon fason pou envite Lespri a se nan bay timoun yo opòtinite pou pataje sa y apral fè pou viv verite levanjil yo. Konsidere kijan ou kapab bayo opòtinite sa yo nan chak leson peryòd echanj.

DESIZYON ENPÒTAN

Se pou ou onèt
Se pou ou batize
Sèvi yon misyon

ENVITE SENTESPRI A

Priye
Vin legliz
Li ekriti

Itilize tablo

Tablo yo se zouti ansèyman efikas. Yo ka itilize pou akeyi timoun yo, poze yon kesyon, idantifye yon doktrin, ekri ide, ak ilistre istwa oubyen konsèp (gade APGPGA, 162–63).

Semèn 4: Pa pouvwa Sentespri a, nou ka konnen verite tout bagay.

Ankouraje konpreyansyon ak aplikasyon

(*jwe yon jwèt oubyen pataje eksperyans*): Li Mowoni 10:5 ansanm, epi temwaye ke Sentespri a ap ede nou aprann laverite. Di timoun yo ke pafwa yo kapab gen yon santiman chalè, pezib pandan yo legliz la, pandan y ap fè aksyon jantiyès, oubyen lè y ap priye ak li ekriti yo. Eksplike ke santiman pezib sa a se Sentespri a k ap fè yo konnen ke bagay yo vrè epi bon. Divize timoun yo an gwoup klas, epi fè chak gwoup fè youn nan aktivite sa yo: (1) Jwe jwèt

kib la ki nan manyèl gadri a, *Men timoun piti nou* yo (gade paj 29, 31). (2) Pataje eksperyans sou fason Sentespri a te ede yo. (Ou gen dwa anvi envite yon enstriktè nan chak gwoup pou pataje yon eksperyans anpremye.)



Adapte leson yo

Adapte leson yo pou laj timoun yo. Konsidere itilize ide ak aktivite ki nan materyèl Legliz la apwouve, tankou manyèl gadri a ak revè Legliz yo.

M ka suiv egzanp Jezikri

Chante:
“Viens et suis-moi!”
 (Cantiques, no. 61)

Jezi di: “vini, suiv mwen” (Lik 18:22).

Konplete ide yo bay la yo avèk kèk ide pa ou. Planifye pou idantifye doktrin nan pou timoun yo epi ede yo konprann ni ak aplike li nan lavi yo. Mande tèt ou: “Kisa timoun yo pral fè pou aprann, ak kijan m kapab ede yo santi Lespri a?”

Ide: Mouvman pandan Primè a kenbe timoun aktivman angaje ak atantif. Adapte aktivite yo selon gwosè Primè w la. Pa egzanp, yon gwo Primè ka bezwen mache an plas olye mache al nan foto yo nan semèn 2 a.

Semèn 1: Jezikri toujou obeyi Papa nou ki nan Syèl la.

Idantifye doktrin nan (li ekriti yo): Prepare senk moso papye avèk youn nan mo sa yo nan yon bò ak referans ekriti korespondan an nan do a: *Non* (Moyiz 4:2); *volonte mwen* (Lik 22:42); *men* (3 Nefi 27:13); *pa ou* (Jan 6:38); *fèt* (Jan 4:34). Divize timoun yo an senk gwoup epi bay chak gwoup yon moso papye. Eksplike ke tout ekriti sa yo di menm mesaj la sou fason Jezikri te viv lavi li. Envite enstriktè yo pou ede timoun yo konprann mesaj ekriti yo. Fè chak gwoup rapòte sa yo te aprann pandan yo plase papye yo a sou

tablo a. Envite yo pou ede ou ranje mo yo nan lòd kòrèk epi apresya li fraz la ansanm.

Ankouraje aplikasyon (fè yon chenn papye): Fè timoun yo sigjere fason yo ka suiv egzanp Jezikri pou obeyi kòmandman Papa nou ki nan Syèl la. Fè chak timoun ekri oubyen desine yon ide sou yon moso papye. Kole moso papye yo pou fòme yon chenn papye. Montre ke menmjan chenn nan te grandi avèk chak aksyon obeyisans lan, lafwa nou ap grandi chak fwa nou obeyi.



[Klike la a pou bann mo.](#)

Idantifye doktrin yo

Lè w ap fè yon aktivite, klèman idantifye doktrin nan w ap anseye a. Sa ap ede timoun yo konprann ni ak aplike l pi byen.

Ide: Timoun yo ap aprann pi efikasman lè yon varyete metòd ansèyman itilize. Pa egzanp, nan semèn 2 a, timoun yo idantifye doktrin nan, wè foto yo, epi fè yon aktivite fizik anrapò ak doktrin nan.

Semèn 2: Jezikri te mache toupatou ap fè byen.

Ankouraje konpreyansyon (gade ak diskite foto): Montre timoun yo yon pè sandal kwi (oubyen foto kote Jezi mete sandal). Eksplike ke Jezi, avèk soulye tankou sa yo, te mache toupatou ap fè byen. Ekri bagay sa a sou tablo a: Li te mache toupatou ap fè byen, paske Bondye te avèk li” (gade Travay 10:38). Fè timoun yo repete fraz sa a avèk ou. Montre imaj ki dekri evenman sa yo toutotou sal la: Jezi k ap beni timoun yo (gade 3 Nefi 17:21–24), Jezi k ap geri mesye avèg

la (gade Jan 9:1–17), Jezi k ap leve pitit fi Jayiris la ki te mouri a (gade Matye 9:18–19, 23–25), ak Jezi k ap nourri 5.000 moun yo (gade Jan 6:5–14). Mande timoun yo pou pretann y ap mete sandal, epi fè yo mache al nan yon foto. Envite plizyè timoun pou dekri sa Jezi ap fè nan foto a. Envite yo pou yo repete fraz: “Li te ale toupatou ap fè byen, paske Bondye te avèk li” a anvan yo mache al nan pwochen foto a. Repete sa avèk chak foto.


Semèn 3 ak 4: Egzanp Jezikri anseye m kijan pou m viv.

Ankouraje konpreyansyon (li ekriti epi chante chan): Sou tablo a ekri de lis nan lòd gaye—yon lis ekriti kote Jezi tabli yon egzanp pou nou swiv ak youn ak chan anrapò avèk ekriti sa yo. Divize timoun yo an de gwoup. Bay chak gwoup yon foto ki montre youn nan evenman ekriti ou ekri yo. Di chak gwoup pou mache foto yo a avèk yon ekriti ak yon chan ki sou tablo a. Youn apre lòt fè gwoup yo montre foto yo a, eksplike egzanp jezi fikse a, epi dirije rès Primè a nan chante chan an. Panse itilize bagay sa a:

- Jezi ti gason nan tanp lan, Lik 2:42–49, “Seek the Lord Early” (CS, 108)
- Jan k ap batize Jezi, Matye 3:13–17, “Batèm” (CS, 100–101)
- se poutèt sa ale, Matye 28:19–20, “We’ll Bring the World His Truth” (CS, 172–73)
- Jezi k ap geri Nefit yo, 3 Nefi 17:7–9, “I’ll Walk with You” (CS, 140–41)


Temwaye ke Jezikri se sèl egzanp pafè pou nou suiv.

Ankouraje konpreyansyon (li ekriti): Koupe yon kè an papye epi ekri sou li *Youn renmen lòt*.



Mete l nan ekriti ou nan Jan 13:34. Envite yon timoun pou gade nan ekriti w yo pou chèche kè a. Eksplike ke nan ekriti sa a Jezi anseye kijan li vle nou youn trete lòt. Fè timoun yo chèche Jan 13:34 nan ekriti pa yo, epi li l ansanm. Panse bay chak timoun yon kè an papye avèk ekriti a sou li pou mete nan pwòp ekriti pa yo epi envite yo pou yo pataje aktivite sa a avèk fanmi yo.

Ankouraje aplikasyon (chante youn chan epi pataje panse): Fè timoun yo fòme youn oubyen plizyè sèk. [Si pa gen espas disponib, fè yon ranje timoun tounen fas bay yon lòt.]Bay chak gwoup yon fil avèk pwent yo mare ansanm, pase nan yon bouton. Pandan y ap chante “Love One Another” (CS, 136), fè timoun yo glise bouton an sou fil la. Rete mizik la tanzantan epi mande timoun nan (oubyent timoun yo) ki kenbe bouton an pou pataje yon fason yo kapab montre lanmou pou lòt. Fini kote w ap envite plizyè timoun pou pataje yon lè kote lòt moun te montre lanmou pou yo.




Èd pou dirijan mizik la

Pou ede timoun yo aprann “Viens et suis-moi!” a (*Cantiques*, no. 61), konsidere bagay sa a:

- Ankouraje timoun yo pou suiv ou pandan w ap touche nen ou, sekwe men ou, ak kwaze bra ou. Di yo ke nou ka swiv Jezi nan fè sa l te fè. Fè yo tape rit chan an avèk de dwèt yon men ap frape nan pla lòt men an pandan mizik la ap jwe.

- Prepare mak pye avèk mo chan an ekri sou yo. Envite timoun yo pou mete mak pye yo sou tablo a youn alafwa pandan w ap chante epi y ap repete chak fraz. Ranje mak pye yo pou yo ka dirije vè yon foto Sovè a.



Klike la a pou mak pye.

Dirijan mizik la ka angaje timoun yo nan aprann doktrin chante a pandan timoun yo ap fè yon koneksyon ant pawòl yo, mizik la, ak vizyèl yo. Nan semèn apre yo, timoun yo kapab retire mak pye yo jiskaske yo aprann chan an.

Jezikri se Pitit Gason Bondye, epi li se yon Bondye ki konn fè mirak

Chante yon chan ou chwazi nan *Children's Songbook* la.

“Paske, gade, m se Bondye; m se yon Bondye ki konn fè mirak; . . . e m pa fè anyen nan pami pitit lèzòm eksepte dapre lafwa yo” (2 Nephi 27:23).

Konplete ide yo bay la yo avèk kèk ide pa ou. Planifye pou idantifye doktrin nan pou timoun yo epi ede yo konprann ni ak aplike li nan lavi yo. Mande tèt ou: “Kisa timoun yo pral fè pou aprann, ak kijan m kapab ede yo santi Lespri a?”

Ide: Timoun yo aprann nan ajì. Envite timoun yo pou itilize aksyon pou rakonte yon istwa. Pratike aksyon yo avèk timoun yo anvan ou rakonte istwa a. Sa ap pèmèt timoun yo koute ak fòkis pandan w ap rakonte istwa a.

Semèn 1: Jezikri se yon Bondye ki konn fè mirak

Idantifye doktrin nan (jwe yon jwèt devinèt):

Desine yuit ti liy sou tablo a, youn pou chak lèt mo *mirak* la. Mande timoun yo pou devine ki mo li ye. Ranpli premye lèt la epi mande timoun yo pou devine ki mo l ye ankò. Ranpli dezyèm lèt la epi mande yo pou devine ki mo li ye. Repete avèk chak lèt yo sigjere jiskasko yo devine mo a. Di timoun yo ke yon mirak se yon evenman ekstraòdinèr koze pa pouvwa Bondye. Divize timoun yo an gwoup. Bay chak gwoup yon je mo sa yo: *mirak, montre, ke, Jezikri, gen, pouvwa, sou, tè a.*

Fè chak gwoup dekode mo yo.

(Klike la a pou bann mo.)

Ankouraje konpreyansyon (kouta istwa ekriti yo):

Nan pwòp mo pa ou, pataje istwa sou Jezi k ap kalme tanpèt la (Mak 4:36–39) epi ranpli filè yo avèk pwason (Lik 5:1–11). Envite timoun yo pou fè aksyon ki mache avèk istwa yo (tankou mime van an ak vag dlo yo epi rale nas vid ak plen). Avèk chak istwa temwaye kijan li montre ke Jezikri gen pouvwa sou tè a. Fè timoun yo diskite kijan mirak sa yo te ede moun nan bezwen.



Semèn 2: Jezikri ka geri malad.

Ankouraje konpreyansyon (desine foto):

Divize timoun yo an gwoup. Mande yon ens-triktè nan chak gwoup pou li oubyen rakonte yon istwa ekriti kote Jezi ap geri yon moun, tankou de mesye avèg yo (Matye 9:27–31), yon kokobe (Jan 5:1–9), dis lepre yo (Lik 17:12–19), oubyen pitit fonksyonè a (Jan 4:46–53). Envite

timoun yo pou desine foto pou ilistre istwa a.

Ou gen dwa mande kèk timoun pou pataje foto yo ak istwa yo avèk tout Primè a. Pandan y ap pataje istwa a, envite yo pou imajine kijan moun Jezi te geri yo dwe te santi yo. Envite timoun yo pou pataje foto yo avèk fanmi yo lakay yo.

Travay an ti gwoup

Travay an ti gwoup ap kenbe plis timoun angaje nan aprann. Nan peryòd echanj lan, timoun yo deja chita an gwoup klas. Gwoup sa yo kapab itilize pou ti gwoup aktivite.



Semèn 3: Jezikri gen pouvwa sou lanmò.

Ankouraje konpreyansyon (koutè istwa ekriti yo): Envite kèk manm pawas la pou vin nan Primè a epi brèfman rakonte istwa sa yo kòm si yo te temwen evenman yo: leve Laza (Jan 11:1–45); leve pitit fi Jayiris la (Mak 5:21–24, 35–43); leve pitit gason vèv la (Lik 7:11–16); ak

Rezireksyon an (Jan 20:1–18). Manm pawas yo ka mete senp kostim, tankou yon foula nan tèt yo oubyen yon wòb. Ankouraje yo pou yo temwaye ke Jezikri gen pouvwa sou lanmò epi nou chak ap resisite.



Semèn 4: Mirak vini pou moun ki gen lafwa.

Idantifye doktrin nan (li yon ekriti): Ekri sou tablo a Doktrin ak Alyans 63:9: “Men gade, lafwa pa vini avèk siy yo, men, siy yo suiv moun ki kwè.” Eksplike ke mo siy lan nan ekriti sa a kapab vle di *mirak tou*. Fè timoun yo kanpe epi li ekriti a ansanm byen fò. Montre mo *lafwa a*. Eksplike ke mirak pa toujou evenman pa òdinè e nou dwe gen lafwa toudabò, apres a n ap rekonèt mirak yo nan lavi nou. Eksplike tou ke menmsi nou gen lafwa, n ap toujou fè eksperyans doulè, lapenn, ak soufrans, men Bondye konnen bezwen nou yo epi l ap pran swen nou.

Ankouraje konpreyansyon (koutè istwa ekriti yo): Nan pwòp mo pa ou rakonte istwa Moyiz k ap mande Farawon pou l kite pèp Bondye a ale kite Eljip la (Egzòd 7–10). Anvan w kòmanse istwa a, envite timoun yo pou yo patisipe nan fè son oswa aksyon ki prale avèk kèk nan plè yo. Pa egzanp, timoun yo ka bouje bra yo epi fè yon son tankou yon rivyè, grate pou reprezante pou yo, begle

tankou yon bèf, oubyen jemi pou reprezante maleng yo. Fè timoun yo koute byen pandan w ap rakonte istwa a. Di yo ke lè w leve men ou yo ka fè son an oswa mouvman pou reprezante plè a w ap pale a, epi lè w bese men ou yo dwe sispann. Apre ou fin pale de chak plè, di timoun yo ke Farawon te toujou kontinye refize kite moun yo ale. Farawon te wè anpil mirak ak siy, men li pa t kwè nan Bondye. Montre kontras istwa sa a avèk yon egzanp kote lafwa te pwodui yon mirak (pa egzanp, Eli ak vèv Sarepta a, Danyèl ak lyon yo, frè Jarèd la, oubyen Nefi ak Leyi nan prizon an). Si tan an pèmèt ou, fè timoun yo di aksyon ki ka ale avèk istwa a.

Ankouraje aplikasyon (koutè oratè envite yo): Envite youn oubyen de fanmi nan pawas la pou pataje kijan mirak te beni yo lè yo te gen lafwa nan Jezikri. (Mande fanmi yo byen alavans pou yo kapab gen tan pou prepare.) Temwaye ke lè nou gen lafwa, n ap wè mirak nan lavi nou.

Ide: Lè timoun yo pataje sa yo aprann nan Primè a avèk lòt moun, sa fòtifye konpreyansyon yo ak temwayaj yo sou doktrin nan. Nan semèn 2 a yo ankouraje yo pou pataje sa yo aprann yo lakay yo. Sa ap bay opòtinite pou lesanvan levanjil la lakay yo epi ap fòtifye fanmi an.

Ankouraje konpreyansyon

Lè timoun yo mime istwa ekriti yo, y ap kapab sonje yo ak konprann yo pi byen.




Mwen obeyi Jezikri paske mwen renmen li

“Si ou renmen mwen, obeyi kòmandman m yo” (John 14:15).

Konplete ide yo bay la yo avèk kèk ide pa ou. Planifye pou idantifye doktrin nan pou timoun yo epi ede yo konprann ni ak aplike li nan lavi yo. Mande tèt ou: “Kisa timoun yo pral fè pou aprann, ak kijan m kapab ede yo santi Lespri a?”

Ide: Memorize ekriti yo ka ede timoun yo aprann doktrin levanjil yo. Nan semèn 1 an, twa bagay ap ede timoun yo memorize ekriti yo: repetisyon, fraz kout, ak vizyèl.



Klike la a pou desen.

Memorize ekriti yo

Wè vizyèl pandan y ap resite ekriti yo ap ede timoun yo memorize.

Semèn 1 ak 2: Mwen montre amou pou Jezikri lè m obeyi kòmandman yo.

Idantifye doktrin nan (memorize yon ekriti): Pou ede timoun yo memorize Jan 14:15, desine yon foto yon kè ak yon foto ki dekri Dis Kòmandman yo. Divize timoun yo an twa gwoup. Leve foto kè a devan yon gwoup epi fè yo kanpe pou di: “Si ou renmen mwen.” Leve foto Dis Kòmandman yo devan lòt gwoup la epi fè yo kanpe pou di: “Obeyi kòmandman m yo.” Refè sa plizyè fwa. Timoun ki pi gran yo kapab aprann premye pati Jan 14:21 (“Moun ki aksepte kòmandman m yo, ki obeyi yo, se moun sa a ki renmen mwen”) nan menm fason an.

Ankouraje konpreyansyon (mime kòmandman): Prepare moso papye avèk yon kòmandman ekri sou chak (tankou li ekriti yo, abiye modès, ak obeyi Pawòl Sajès la). Mete papye yo nan yon veso, epi fè yon timoun chwazi youn epi mime yon fason pou obeyi kòmandman an. Fè lòt

timoun yo devine kisa l ap fè. Chante “Keep the Commandments” (CS, 146–47). Pandan w ap chante refren an, fè timoun nan dirije lòt yo pandan l ap mime fason yo kapab obeyi kòmandman an. Envite plizyè timoun pou pataje kijan obeyi kòmandman sa a ap beni yo.

Ankouraje aplikasyon (li ak diskite ekriti): Montre “Prensip Levanjil mwen yo” epi repase prensip yo avèk timoun yo. Eksplike ke suiv prensip sa yo montre lanmou nou pou Jezikri. Ekri chak nan referans ekriti sa yo sou moso papye separe: Egzòd 20:7; Egzòd 20:8–10; Egzòd 20:12; Jan 13:34–35; Mozya 18:10; ak Doktrin ak Alyans 42:40–41. Divize timoun yo an gwoup epi bay chak gwoup youn nan ekriti yo pou li ansanm. Fè yo matche ekriti yo avèk youn nan prensip levanjil yo epi pale sou kijan yo ka viv prensip sa a. Envite yo pou pataje panse yo avèk rès Primè a.



Semèn 3: Lanmou mwen pou Jezikri grandi lè m priye.

Ankouraje konpreyansyon (li epi diskite ekriti): Divize timoun yo an ti gwoup. Fè chak gwoup li ak diskite sou ekriti sa yo, pandan y ap chèche wè kisa Sovè a anseye sou lapriyè: 3 Nefi 18:19–20; Doktrin ak Alyans 19:28, 38; 88:63–64. Fè wè ke Sovè a anseye nou pou n priye Papa nou ki nan Syèl la nan non li epi sa ede nou santi nou pi pre li.

Ankouraje konpreyansyon (kolore yon imaj): Fè yon kopi ilustrasyon ki nan paj 19 la nan manyèl gadri a pou chak timoun, *Men timoun piti nou yo*. Fè timoun yo kolore ilustrasyon an epi pote l lakay yo pou pataje avèk fanmi yo.

Ankouraje konpreyansyon ak aplikasyon (diskite sou lapriyè): Chante yon chan sou lapriyè nan *Children’s Songbook*, la tankou

“A Child’s Prayer” (CS, 12–13) oswa “We Bow Our Heads” (CS, 25). Pale avèk timoun yo sou fason lanmou nou pou Senyè a grandi lè nou priye. Sou tablo a fè yon tablo kat kolòn. Anlè premye kolòn nan, ekri *Papa nou ki nan Syèl la*. Anlè tèt dezyèm kolòn nan, ekri *Mèsi pou benediksyon yo*. Anlè tèt twazyèm kolòn nan, ekri *Mande benediksyon*. Anlè tèt dènye kolòn nan, ekri *Nan non Jezikri, amèn*. Mande timoun yo pou fè lis plizyè benediksyon yo rekonesan pou yo, nan chak gwoup klas yo. Apresa mande chak gwoup pou site yon benediksyon yo rekonesan pou li pandan w ap ekri benediksyon sa a nan kolòn 2 a. Apresa mande timoun yo pou pale nan gwoup klas yo sou benediksyon yo kapab mande Papa nou ki nan Syèl la, epi ekri repons yo nan kolòn 3 a. Repase pati lapriyè yo.



Aktivite pou kolorye

Se pa tout timoun ki renmen kolorye. Gen kèk ki ka sèlman fè yon mak oubyen de sou paj la. Bi aktivite pou kolorye yo se pou bay timoun yo yon reprezantasyon vizyèl sou leson an ke yo kapab kenbe epi pote lakay yo.

Ide: Planifye peryòd echanj ou yo pou angaje ni pi gran ni pi piti timoun yo. Pa egzanp, nan semèn 3 a premye aktivite a ap mache pi byen avèk timoun pi gran yo epi dezyèm nan ap mache pi byen avèk timoun ki pi piti yo.

Semèn 4: Lanmou m pou Jezikri ogmante lè m etidye ekriti yo.

Ankouraje konpreyansyon (desine imaj): Rakonte istwa sou Kris la k ap beni moun yo nan 3 Nefi 17:7, 9–12, 20–24, la oubyen envite pi gran timoun yo pou li l nan ekriti yo. Fè timoun yo desine yon foto ki dekri yon bagay nan istwa a. Temwaye sou fason lanmou ou pou Jezikri ogmante pandan w ap li ekriti yo.

Ankouraje aplikasyon (chante yon chan epi diskite ekriti): Chante “Seek the Lord Early” (CS, 108). Di timoun yo ke yo ka aprann plis sou Jezikri lè yo li oswa koute ekriti yo. Rakonte istwa ki nan Mak 10:13–16 la sou Jezi k ap beni timoun yo. Montre yon foto Jezi k ap beni timoun piti yo. Fè timoun yo imajine kijan yo ta santi yo si yo te la lè sa a. Envite kèk timoun pou pataje panse yo. Eksplike ke yo ka santi yo pi pre Sovè a lè yo li sou li nan ekriti yo.

Ide: Lè timoun yo pataje kijan yo ka aplike yon doktrin, sa konfime mesaj la nan kè yo epi envite Lespri a. Apre ou fin anseye yon doktrin, bay timoun yo yon opòtinite pou pataje kijan yo ka aplike li nan lavi yo.

Misyon Legliz la se pou envite tout moun vin jwenn Kris

“Vin jwenn Kris la, e pèfeksyone nou nan li” (Mowoni 10:32).

Konplete ide yo bay la yo avèk kèk ide pa ou. Planifye pou idantifye doktrin nan pou timoun yo epi ede yo konprann ni ak aplike li nan lavi yo. Mande tèt ou: “Kisa timoun yo pral fè pou aprann, ak kijan m kapab ede yo santi Lespri a?”

Ide: Timoun yo ap pi byen aprann epi sonje pi lontan lè ou prezante ide pandan w ap itilize imaj yo ak lòt vizyèl yo (gade APGPGA, 176, 182–83). Timoun poukont yo kapab vizyèl efikas ak angajan. Panse envite yon misyonè aplentan pou vin nan Primè a oubyen fè yon timoun abiye tankou misyonè olye w montre foto youn.

Semèn 1: Suiv pwofèt la ap ede nou vin jwenn Kris la.

Idantifye doktrin nan (li yon ekriti ak gade imaj): Fè timoun yo kanpe epi li Doktrin ak Alyans 1:38 byen fò ansanm. Eksplike ke pwofèt yo se sèvitè Jezikri. Montre fofo Sovè a ak pwofèt aktyèl la, epi di timoun yo ke lè nou suiv pwofèt la nou suiv Jezikri.

Ankouraje aplikasyon (chante yon chan): Chante vèsè 9 nan “Follow the Prophet” (CS,

110–11). Divize timoun yo an gwoup epi fè yo chwazi youn oubyen de bagay yo te aprann nan men pwofèt ak apot vivan yo pandan konferans jeneral. Fè yon gwoup jwe sa yo te aprann. Fè lòt timoun yo devine kisa l ap fè. Repete avèk chak gwoup, pandan n ap chante refren “Follow the Prophet” la pandan gwoup yo ap pran tou pa yo.

Semèn 2: Pataje levanjil la ede lòt moun vin jwenn Kris la.

Idantifye doktrin nan (li ekriti yo): Mete foto yon misyonè aplentan sou tablo a. Di timoun yo ke y apal li kèk ekriti sou travay misyonè. Bay mwatye nan timoun yo tach pou li Matye 28:19–20 epi lòt mwatye a pou li Doktrin ak Alyans 133:37. Envite yo pou yo idantifye sa yo aprann sou travay misyonè nan ekriti yo, epi diskite li avèk tout Primè a. Mande timoun ki gen manm fanmi yo k ap sèvi yon misyon pou yo pataje santiman yo sou travay misyonè.

Ankouraje konpreyansyon ak aplikasyon (diskite travay misyonè): Fè timoun yo kanpe epi chante “I Hope They Call Me on a Mission” (CS, 169). Di timoun yo ke Papa nou ki nan Syèl la vle levanjil la preche nan tout mond lan e yo ka prepare yo pou yo misyonè depi kounyeya. Nan yon veso, mete objè ki ap raple timoun yo fason yo ka prepare yo pou sèvi yon misyon, tankou ekriti yo, soulye Dimanch, yon resi dim, ak yon kè an papye. Fè yon timoun chwazi yon objè nan veso a epi di kijan fè bagay sa a ki reprezante a kapab ede yo prepare pou vin misyonè.



[Klike la a pou bann mo.](#)

Aprann atravè repetisyon

Timoun aprann atravè repetisyon ak defi. Fè timoun yo repete ekriti a epi bayo defi pou mete mo yo annòd.

Semèn 3: Nou vin jwenn Kris nan repanti lè nou fè yon peche.

Idantifye doktrin nan (li yon ekriti): Mete yon foto Jezikri sou tablo a. Ede timoun yo memorize “Wi, vin jwenn Kris la, e pèfeksyone nou nan li” (Mowoni 10:32). Ekri chak mo ekriti a sou yon moso papye separe. Mete moso papye yo nan nenpòt lòd sou tablo a. Envite timoun yo pou chèche ekriti a epi li l avèk ou. Fè yon timon chèche premye mo ekriti a epi mete l annòd sou tablo a. Li ekriti a ankò, epi envite yon lòt timoun pou chèche pwochen mo a. Repete jiskaske mo yo annòd. Eksplike timoun yo ke vin jwenn Kris vle di gen lafwa nan li, obeyi kòmandman l yo, fè alyans, ak repanti lè nou fè erè.

Ankouraje konpreyansyon ak aplikasyon (diskite ka etid): Ekaplike ke gras avèk Ekspyasyon Jezikri a, nou kapab repanti lè nou fè yon erè. Koupe kat mak pye nan papye, epi sou chak ekri youn nan pati repantans yo: (1) santi remò, (2) mande padon, (3) fikse sa k pa bon an, epi (4) pa refè l ankò. Mete mak pye yo atè a mennen nan yon foto Jezikri, epi fè kèk timoun suiv yo. Divize timoun yo an gwoup epi bay chak gwoup yon ka etid ki dekri yon bagay yon timoun kapab bezwen repanti pou li. Pa egzanzp, “Yon moun dezobeyi paran li kote l choute yon boul nan kay la, epi li kraze yon bagay.” Mande yo pou di kijan yo dwe aplike chak etap repantans yo.



[Klike la a pou mak pye.](#)

Ankouraje aplikasyon

Timoun yo aprann lè yo montre yo kijan yo ka aplike prensip levanjil yo nan lavi yo.

Ide: Ka etid yo se vrè sityasyon lavi a ki ka ede timoun yo panse epi diskite sa yo kapab fè nan menm sityasyon yo (gade semèn 3). Ka etid yo kapab montre kijan pou aplike prensip levanjil yo (gade APGPGA, 161–62).



Ide: “Lè nou montre lanmou pou moun n ap anseye yo, yo menm [avèk nou] vin pi reseptif a Lespri a” (APGPGA, 31). Ou ka ogmante lanmou ou pou timoun yo lè w priye pou yo chak, aprann konnen sa k enterese yo ak sa yo sou-sye, rele yo pa non yo, epi route yo avèk atansyon.

Semèn 4: Travay tanp ede mwen menm ak fanmi m vin jwenn Kris.

Ankouraje konpreyansyon (chante yon chan): Anseye dezyèm kouplè “I Love to See the Temple” la (CS, 95). Montre yon foto yon tanp kache dèyè yuit moso papye yo. Sou chak moso papye, ekri oubyen desine youn nan bagay sa yo: yon kè, yon pòt louvri, mo alyans, lan, mo obeyi a, mo kote sen, an, mo sele a, foto yon timoun, ak foto yon fanmi. Di timoun yo ke bagay sa yo mennen nan yon chan. Envite yo pou byen koute pandan w ap chante liy on chan. Mande yo ki endikasyon ki ale avèk liy sa a, epi envite yon timoun pou retire moso papye sa a. Chante liy nan ankò avèk timoun yo, epi eksplike kisa l vle di. Ou gen dwa envite yo pou fè yon aksyon anrapò avèk liy nan. Repete avèk chak liy chan an. Lè w fin dekouvi

foto a, chante tout chan an avèk aksyon. Di timoun yo ke yo kapab prepare kounyeya pou yo diy pou ale nan tanp lè yo pi gran epi fè sa ap mennen yon vin pi pre Jezikri.



[Klike la a pou desen.](#)

Lè nou sèvi lòt moun, nou sèvi Bondye

“Lè n ap sèvi pwochen nou yo, se sèlman nan sèvi Bondye nou ye” (Mozya 2:17).

Konplete ide yo bay la yo avèk kèk ide pa ou. Planifye pou idantifye doktrin nan pou timoun yo epi ede yo konprann ni ak aplike li nan lavi yo. Mande tèt ou: “Kisa timoun yo pral fè pou aprann, ak kijan m kapab ede yo santi Lespri a?”

Tip: Kèk istwa ekriti bezwen adapte ak laj timoun yo. Lè w ap anseye istwa bon Samariten an nan semèn 1 an, li enpòtan anpil pou w eksplike ke si yon etranje bezwen èd oubyen mande èd, timoun nan dwe toudabò al chèche yon grandèt li konnen.

Semèn 1 ak 2: Jezikri te anseye nou kijan pou n sèvi lòt moun.

Ankouraje konpreyansyon (patisipe nan yon dramatisasyon): Di timoun yo ke yon jou yon mesye te mande Jezi: “Kiyès ki pwochen mwen?” Jezi te reponn ni kote l te rakonte yon istwa ki anseye nou kijan pou sèvi lòt moun. Envite kèk timoun pou abiye nan senp kostim pou reprezante moun nan parabòl Bon Samariten yo: yon vwayajè, kèk vòlè, yon prèt, yon Levit, yon Samariten, ak yon otelye. Rakonte istwa a nan pwòp mo pa ou (gade Lik 10:30–37) epi apre ede timoun yo jwe li. Mande timoun yo: “Kisa istwa sa a anseye nou sou kiyès pwochen nou ye? Kimoun nou dwe sèvi?” Montre ke pwochen nou kapab nenpòt moun ki nan bezwen. Eksplike timoun yo ke yo kapab sèvi zanmi yo ak manm fanmi yo tout tan, men yo dwe sèvi moun yo pa konnen sèlman si yo avèk yon paran oswa yon lòt adilt yo ka fè konfyans. Temwaye ke Jezikri renmen tout moun e li vle nou sèvi tout moun.

Ankouraje aplikasyon (planifye sèvis pou fanmi): Di timoun yo ke Jezi vle nou sèvi lòt moun, enkli manm fanmi nou. Koupe ti sèk an papye epi bay chak timoun kèk grenn. Fè yo desine yon figi souriyan sou chak pou yo fè “Souri sèvis.” Ankouraje timoun yo pou akonpli ti aksyon sèvis pou manm fanmi yo pandan semèn apre a. Eksplòre ansanm ki tach yo ka fè (tan-kou ekri yon nòt janti, ranmase jwèt, oubyen ranje yon kabann). Fè timoun yo kite yon “Souri Sèvis” kote yo te fè aksyon sèvis la. Envite yo pou yo mande fanmi yo patisipe nan aktivite sa a avèk yo. Ankouraje timoun yo pou yo pare pou pataje avèk Primè a semèn pwochen kijan sèvis yo te ede pote souri nan fanmi yo.



Ide: Peryòd echanj ka bay opòtinite pou kore pwogram lafwa nan Bondye a. Aktivite sèvis yo nan semèn 1 ak 2 yo ap ede akonpli bi ki nan paj 8–9 nan Lafwa nan Bondye a.



Vizyalize istwa ekriti yo

Senp kostim fèt ak bagay chak jou yo ap ede timoun yo vizyalize istwa ekriti yo.

Ankouraje konpreyansyon ak aplikasyon (bay rapò sou sèvis): Envite timoun yo pou rakonte istwa bon Samariten an nan pwòp pawòl pa yo. Itilize menm kostim ou te itilize semèn anvan yo pou ede yo sonje. Apresa bay timoun yo yon opòtinite pou rapòte sou “Souri Sèvis” yo nan semèn anvan an. Yon fason pou fè sa se kreye yon wou tankou sa yo montre la a, avèk chak klas nan

Primè w la sou lis. Vire wou a epi envite youn oubyen de timoun nan klas ki endike a pou rapòte sou sèvis yo ak sou fason li te ede yo ak lòt moun santi yo kontan. Repete si ou gen tan.



[Klike la a pou desen.](#)

Repase doktrin nan

Repase doktrin nan nan fason amizan ap ede timoun yo sonje sa yo te aprann.

Ide: Fè timoun yo patisipe nan yon varyete fason ap rann aprann nan pi amizan. Eseye itilize plizyè metòd diferan pou divize timoun yo, tankou tifi ak tigason, sa ki mete yon koulè espesifik, oubyen sa ki gen anivèsè yo nan premye ak dezyèm pati nan ane a.

Semèn 3: Lè m sèvi fanmi mwen, m ap sèvi Bondye.

Idantifye doktrin nan (memorize yon ekriti): Ekri “Lè n ap sèvi pwochen nou yo, se sèlman nan sèvi Bondye nou ye” (Mozya 2:17). Ede timoun yo memorize li kote w ap divize ekriti a an de seksyon epi fè mwatye timoun di premye pati a (“Lè n ap sèvi pwochen nou yo”) epi lòt mwatye a di dezyèm pati a (“Se sèlman nan sèvi Bondye nou ye”). Repete plizyè fwa.

Repete chan an, ranplase lòt manm fanmi yo pa *manman* (pa egzanp, papa, frè, ak sè). Envite timoun yo pou mime yon sèvis yo ka akonpli pou manm fanmi sa a pandan y ap chante a. Raple

timoun yo ke lè nou sèvi lòt moun, se Bondye nou sèvi.

Ankouraje aplikasyon (diskite opòtinite sèvis): Desine yon revèy sou tablo a. Divize timoun yo an gwoup epi bay chak gwoup yon lè diferan nan jounen an. Di timoun yo ke yo ka sèvi fanmi yo nenpòt lè pandan jounen an. Di timoun yo: “Tik tak, tik tak, se lè pou sèvi a _____ è!” Envite gwoup ki gen tach la nan moman an pou kanpe, epi fè yo pataje yon fason yo ka sèvi fanmi yo nan lè sa a nan jounen an. Repete jiskaske tout gwoup yo pran yon tou.

Semèn 4: Lè m sèvi pwochen mwen, mwen sèvi Bondye.

Ankouraje konpreyansyon (gade egzanp opòtinite sèvis): Fè yon dirijan Primè vin nan sal la pou jwe wòl yon moun ki depase epi ki aparaman bezwen èd. Pa egzanp, li gen dwa ap jete bagay, eseye pote twòp bagay, oubyen ap kalme yon tibebe. Fè timoun yo sigjere fason yo ka itilize “men edan” yo a pou ede. Raple timoun yo ke nan istwa Bon Samariten an, Jezi te anseye nou pou n sèvi lòt moun. Montre foto timoun ki bezwen èd. Panse itilize imaj nan pake imaj manyèl Primè yo. Envite timoun yo pou pataje kijan yo ka ede nan sitiyasyon sa yo. Repete premye mwatye Mozya 2:17 a epi fè timoun yo repete dezyèm mwatye a.

Ankouraje konpreyansyon (planifye sèvis pou pwochen): Fè timoun yo trase men yo sou yon moso papye epi ekri “men edan” sou yo yon

fason pou fanmi yo ka sèvi pwochen yo. Ankouraje yo pou fè sèvis sa a avèk fanmi yo pandan semèn nan. Montre men yo sou yon tablo oubyen yon mi kote y ap raple timoun yo fason yo ka sèvi.

Ankouraje konpreyansyon ak aplikasyon (chante yon chan): Mande yon timoun pou vin devan sal la epi konpare men li avèk pa ou. Montre ke men li pi piti anpil pase pa ou. Poze kesyon tankou: “Gwo men mwen ka ranmase jwèt. Èske ti men ou kapab?” Angaje tout timoun yo kote w ap fè yo konpare men yo avèk men enstriktè yo. Montre ke men yo kapab fè zak sèvis menmsi yo piti. Chante “I Have Two Little Hands” (CS, 272). Envite timoun yo pou pliye men yo devan yo pandan y ap chante. Lè y ap chante mo *men*, an, fè yo leve de men yo anlè epi apre pliye yo byen vit ankò.

Mwen konnen Redanmtè m nan vivan

“Epi kounyeya, apre tout kantite temwayaj ki te rann konsènan li, sa a se temwayaj la, dènye nan tout, nou fè konsènan li pou fè konnen: Li vivan!” (D&A 76:22).

Konplete ide yo bay la yo avèk kèk ide pa ou. Planifye pou idantifye doktrin nan pou timoun yo epi ede yo konprann ni ak aplike li nan lavi yo. Mande tèt ou: “Kisa timoun yo pral fè pou aprann, ak kijan m kapab ede yo santi Lespri a?”

Ide: Timoun reponn byen ak vizyèl. Panse itilize yon varyete vizyèl, enkli objè, desen sou tablo, bann mo, ak maryonèt (gade APGPGA, 89–90).

Ide: Timoun pi byen sonje sa yo aprann lè yo anseye l bay lòt. Konsidere fason pou fè yo fè sa pandan peryòd echanj lan oubyen lakay yo.



Semèn 1: Jezikri te vin sou tè a jan pwofèt yo te pwomèt la.

Idantifye doktrin nan (diskite anivèsè):

Mande timoun yo: “Panse sou yo lè ou te selebre nesans ou nan yon fason espesyal. Kisa w te fè?” Fè kèk timoun pale sou anivèsè yo. Eksplike ke Papa nou ki nan Syèl la te fè pwofèt li yo pale mond lan, depi nan kòmansman tan yo, sou nesans ki pi enpòtan an nan istwa mond lan —nesans Pitit Gason 1 lan, Jezikri. Eksplike ke mesaj sa a te si enpòtan ke pwofèt yo te dispoze pou bay lavi yo pou temwaye ke Kris la ap vini. Fè timoun yo repete fraz: “Jezikri te vin sou tè a jan pwofèt yo te predi a.”

Ankouraje konpreyansyon (mime istwa ekriti):

Montre foto kèk pwofèt ki te anseye ke Jezikri t ap vini. Divize timoun yo an gwoup epi bay chak gwoup yon referans ekriti ki dekri resi youn nan ansèyman pwofèt la. Fè gwoup yo pran tou pa yo pou dramatize resi yo (gade APGPGA, 165–66) pandan rès Primè a ap idantifye ki pwofèt y ap montre a. Pwofèt yo kapab enkli Wa Benjamen (Mozya 2:1, 5–7; 3:5–8), Abinadi (Mozya 12:1, 9; 15:1–2; 17:1, 8–10), ak Samyèl Lamanit la (Elaman 14:1–5; 16:1–2). Temwaye ke Jezikri te vin sou tè a epi pwofesi konsènan li yo te akonpli.

Semèn 2: Jezikri se Sovè mond lan.

Ankouraje konpreyansyon ak aplikasyon

(diskite foto ak objè): Pote kat bwat ki vlope an kado. Chak bwat dwe gen yon foto oubyen yon objè ki reprezante youn nan evanman sa yo ak yon moso papye ki gen eksplikasyon benediksyon oubyen kado li montre a.

- Evenman: nesans Jezi; kado: “Papa nou ki nan Syèl la te bay Sèl Pitit Literal li a pou vin Sovè nou.”
- Evenman: Diskou sou Mòn nan; kado: “Jezikri te anseye nou kijan pou n viv nan ladwati.”
- Evenman: Jezi k ap priye nan Jetsemani; kado: “Jezikri te rann posib pou nou sove anba peche.”

- Evenman: Rezirèksyon an; kado: “Jezikri te rann posib pou nou resisite.”

Fè yon timoun diferan devlope chak bwat, epi pale sou kijan nou beni pa kado sa yo.

Ankouraje aplikasyon (ekri oubyen desine):

Pale sou fason pou bay Sovè a kado nan sèvi lòt moun ak montre lanmoun pou yo (gade Matye 25:40). Bay chak timoun yon moso papye epi envite yo pou ekri oubyen desine yon kado yo pral bay Sovè a. Apresa fè yo pliye papye an ande epi dekore deyò li tankou yon kado.

Semèn 3: Jezikri ap retounen sou tè a yon jou.

Ankouraje konpreyansyon (li ekriti ak jwe wòl): Di timoun yo ke yo pral repòte gwo nouvèl ke Jezikri ap retounen sou tè a yon jou. Chwazi de timoun pou pretann ke yo se repòtè televizyon oswa jounal ki pral poze chak klas kèk kesyon. Bay chak klas youn oubyen de nan kesyon ak referans ekriti sa yo epi bayo kèk minit pou prepare: Ki siy Dezyèm Vini Jezikri a? (Joseph Smith—Matye 1:28–29); Kijan l pral vini? (Matye 24:29–31); Kilè l ap vini? (Matye 24:36, 42, 44); Kisa k pral rive moun jis yo lè l vini? (D&A 88:96–97); Kijan gouvènman an pral ye

apre l fin vini? (Atik lafwa 1:10; D&A 29:11; 45:58–59); Kisa bèt yo pral sanble apre l vini? (Ezayi 11:6–9; Oze 2:18). Fè de timoun k ap aji kòm repòtè pran tou pou poze kesyon yo, epi fè chak gwoup reponn.

Ankouraje aplikasyon (diskite ak chante): Diskite avèk timoun yo sou fason nou kapab prepare nou pou lè Jezi vini ankò a. Montre ke si nou viv nan ladwati, nou pa bezwen pè. Envite yo pou diskite sa avèk paran yo lakay yo. Chante “When He Comes Again” (CS, 82–83).

Ide: Planifye peryòd echanj ou a pou angaje ni pi gran yo ni pi piti yo. Pa egzanp, premye aktivite nan semèn 3 a ap pi bon avèk timoun ki pi gran yo. Planifye fason pou adapte aktivite sa a pou sa ki pi piti yo.

Semèn 4: Mwen ka viv avèk Jezikri ankò.

Ankouraje konpreyansyon (patisipe nan yon aktivite fizik): Anvan Primè a kòmanse, tache kèk machpye an papye anba chèz yo avèk youn nan bagay sa yo ekri sou chak machpye: batèm, konfimasyon, priyè, sware familyal, pran Sent-sèn, ale legliz, ak maryaj nan tanp. Mete yon foto mond lan nan youn nan kwen sal la ak yon foto Jezikri nan lòt kwen sal la. Mande yon timoun pou eseye vole soti nan yon foto al nan yon lòt. Eksplike ke gen etap nou dwe pran pou n viv avèk Jezi ak Papa nou ki nan Syèl la ankò. Fè timoun yo gade si gen yon machpye tache anba chèz yo a. Envite sa ki gen machpye yo pou vin devan youn apre lòt pou di kijan fè aksyon ki sou machpye yo a ap mennen yo pi pre Kris la. Mete machpye a atè a ant de foto yo. Kontinye jiskaske machpye yo fè yon wout ki travèse sal la. Envite yon timoun pou mache sot nan foto mond lan al nan foto Sovè a, pandan l ap touche sèlman machpye yo. Ankouraje timoun yo pou yo toujou fè bon bagay pou yo kapab rete sou chemen pou retounen al viv avèk Jezikri a ankò.

Ankouraje aplikasyon (desen ak kolorye): Fè timoun yo trase pye yo sou moso papye separe epi ekri oubyen desine sou chak trase yon etap yo ka pran pou viv avèk Jezikri ankò. Fè pyanis la jwe dousman “I Will Follow God’s Plan” (CS, 164–65) pandan y ap kolorye a. Ankouraje timoun yo pou pote desen yo lakay yo pou pataje yo avèk fanmi yo.



[Klike la a pou machpye.](#)

Ide: Pou montre lanmou pou moun w ap anseye yo, fè konpliman sensè pou chak sa timoun nan fè. Pa egzanp, ou gen dwa di: “Mèsi paske ou pataje istwa sou fanmi w lan,” olye ou fè yon konpliman konsa konsa tankou “bon travay” oubyen “mèsi.”

Aktivite fizik siyifikan

Timoun aprann lè yo enplike nan aktivite siyifikan. Nan aktivite sa a timoun yo pran etap ki reprezante bagay yo ka fè pou vin pi pre Kris la. Konsidere fason pou enplike otan timoun sa posib.



Ide: Mizik ka ede timoun yo kalme epi prepare pou koute ak aprann. Pa egzanp, ou ka leve men ou wo epi di timoun yo pou gade men ou pandan w ap chante. Di yo ke lè w bese men ou, yo dwe chante pi dousman ak pi lantran. Di yo mèsi pou reverans yo.

Ide: Ou pa bezwen yon mizisyen ki gen talan oubyen ni gen yon bèl vwa pou fè chante a amizan ak siyifikan nan Primè a.

Kijan pou itilize mizik nan Primè a

Objektif mizik nan Primè a se pou anseye timoun yo levanjil Jezikri a. Chan Primè yo rann aprantisaj la pi amizan, envite Lespri a, epi kreye yon atmosfè reverans ak aprantisaj.

Itilize mizik prelid yo pou pote reverans ak envite Lespri a.

Mizik prelid yo kreye yon atmosfè reverans epi ede timoun yo prepare pou aprann levanjil la. Fè mizik jwe pandan timoun y ap rive.

Envite timoun yo pou patisipe nan mizik prelid la kote w fè yo chante pandan lòt yo ap antre nan sal Primè a. Pa egzanp, ou gen dwa leve men ou epi di

timoun yo ke lè men w louvri yo dwe chante dousman, epi lè men w fèmen yo dwe fredone chan an.

Jwe yon chan timoun yo ap aprann pandan tan prelid la; sa kapab ede yo vin pi fanyèl avèk melodi a. Idantifye chan an, epi apresya fredone lè a pou yo. Apresya mande yo pou fredone l avèk ou.



Mizik ka angaje timoun yo depi premye moman yo rive nan Primè a.

Itilize mizik pou anseye prensip levanjil yo.

Ede timoun yo konprann y ap aprann non sèlman yon chan men yon prensip levanjil tou (gade CS, iii). Poze kesyon oubyen ede yo foki sou prensip yo anseye nan chan an atravè yon senp aktivite tankou konte konbyen fwa yo chante yon mo oubyen yon fraz (gade èd Fevriye a pou dirijan mizik la).

Timoun yo temwaye pandan y ap chante (gade Janvye, semèn 1). Raple yo pou yo chita dwat epi chante avèk pi bèl vwa yo. Konplimante timoun yo epi remèsye yo lè y ap chante byen.



Fè pratik lakay

*Pou anseye yon chan efikasan,
ou dwe konnen chan an ou menm.
Fè pratik lakay pou lè w ap anseye
timoun yo ou ka gade yo,
non pa liv ou a.*

Plan mwen pou anseye yon chan

**Konn chan an:
Pratike, pratike,
pratike**

Mande tèt ou:

1. Kijan m ka atire atansyon timoun yo?
2. Ki kesyon m ka poze pou ede timoun yo konprann mesaj levanjil ki nan chan an?
3. Ki temwayaj m ka kite pou timoun yo ki ap fòtifye yo?

Kijan pou anseye yon chan

Lè w ap planifye pou anseye yon chan, poze tèt ou kesyon sa a: Kijan m ka atire atansyon timoun yo? Ki kesyon m ka poze pou ede timoun yo konprann mesaj levanjil ki nan chan an? Ki temwayaj mwen ka kite avèk timoun yo ki ap fòtifye yo? (Gade CS, 300.)

Toujou chante pawòl yon nouvo chan pou timoun yo—pa sèlman li yo oswa resite yo. Sa ede timoun yo konekte melodi a avèk mo yo. Timoun yo

aprann yon chan pandan y ap koute ak chante li plizyè fwa. Yo pa bezwen li pou aprann yon chan. Pa egzanp, ou ka envite timoun yo pou repete avèk ou. Touche zòrèy ou epi fè timoun yo koute yon ti fraz kout oubyen yon liy pandan w ap chante. Apresa fè avèk yo lè se tou pa yo pou chante liy nan pou ou. Chante de liy fason sa a, epi apres a repete yo jiskaske timoun yo konnen yo. Repete sa nan de pwochen liy yo (epi apres a de pwochen yo, kontinye) jiskaske yo aprann tout chan an.

Repanse chan yo pou aprantisaj ak amizman

Enplike timoun yo nan chwazi chan pou repase. Pa egzanp, bay chak timoun yon kè an papye, epi mande yo pou ekri non yo ak yon chan Primè yo pi renmen sou li. Mete kè yo nan yon veso ki

make “Chan kè” yo, epi fè timoun yo chwazi kèk pou chante. Di timoun yo ke chan Primè yo kapab yon sous rekonfò, gidans, ak enspirasyon epi nou ka chante yo prèske tout tan, tout kote.

Itilize mizik pou angaje timoun yo epi fè mouvman apwopriye yo.

Itilize mouvman lè y ap chante kapab ede timoun yo aprann chan yo pi vit. Sa ka kenbe atansyon yo tou. Asire ke mouvman ou itilize avèk chan sakre yo apwopriye. Jès men senp pou mo ak fraz kle yo kapab apwopriye pou prèske tout chan (gade èd pou dirijan mizik la pou Janvyè). Pa egzanp, lè w ap chante “I Feel My Savior’s Love” (CS, 74–75), di timoun yo ke chak fwa y ap chante mo *lanmou* a yo dwe mete men yo sou kè yo.

Gen plizyè chante ak aktivite amizan nan *Children’s Songbook la*. Fè amizman avèk yo, epi timoun yo ap amize yo tou. Pa egzanp:

- Chante “Head, Shoulders, Knees, and Toes” (CS, 275) avèk timoun yo nan vitès regilye, epi apre bayo defi pou rejwenn ou pandan w ap chante plis an plis vit.
- Chante “I Hope They Call Me on a Mission” (CS, 169). Envite timoun pi piti yo pou pretann y ap monte yon cheval pou pote Liv Mòmou an bay moun k ap viv byen lwen yo. (Yo ka pretann tou ke y ap vole nan yon avyon oubyen kondi nan yon tren.)



Ide: Itilize mizik efikasan ap envite Lespri a. Lè nou fini chante yon chan, raple timoun yo ke lè yo santi lanmou ak lapè, Sentespri a ap ede yo rekonèt verite a.

M konnen Sovè m nan renmen mwen

Avèk reverans ♩ = 120-132

Pawòl ak mizik pa
Tami Jeppson Creamer ak Derena Bell

1. Sa gen lon - tan nan yon bèl
2. Kou - nye - ya mwen nan yon

trè bèl ko - te, Ti - moun te san - ble kot Je - zi.
trè bèl ko - te, Map a - prann an - sèy - man Je - zi.

Li te an - se - ye yo a - vèk a - mou. Chak te wè dlo nan je
Pa - ran ak ens - trik - tè ap gi - de mwen, Kle - re che - men mwen chak

li. Lan - mou li te san - ti pou ti - moun sa yo
jou. — Vlo - pe nan bra a - mou So - vè mwen an

Li san - til pou mwen tou. Mwen pat tou - che li ni
Mwen san - ti tou - che li. Nan viv chak jou, ma pe

chi - ta sou li, Men, Je - zi re - yèl pou mwen. M kon -
 suiv che-men li, — Men-nen la - kay Pa - pa mwen.

nen li vi - van! Mwen pral
f

suiv li fi - dèl - man. Kè mwen mwen

ap ba - li M konn Sovè m nan ren-men mwen.
mf *mp*

M konn Sovè m nan ren - men mwen. *rit.* *p*



LEGLIZ
JEZIKRI
POU SEN
DÈNYE JOU YO

Pibliye pa Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo

© 2008 pa Intellectual Reserve, Inc. Tout dwa rezève. Enprime nan Etazini DamerikApwobasyon anglè: 5/07
Tradiksyon 2010 Outline for Sharing Time and the Children's Sacrament Meeting Presentation. Haitian Creole. 04763 036

Kredi imaj; *Lanmou pafè*, pa Del Parson, © Del Parson. Paj 3: *Jan Batis k ap batize Jezi*, pa Harry Anderson, © IRI; *Kris la ak timoun Liv Mòmou yo*, pa Del Parson, © 1995 Del Parson; *Premye Vizyon an*, pa Gary Kapp, © Gary Kapp—pa kopye. Paj 9: *Dezi kè mwen*, pa Walter Rane, koutwazi Mize Istwa Legliz la Paj 14: *Jezi ka p geri avèg la*, pa Carl Heinrich Bloch, itilize sou pèmisyon Mize Istorik Nasyonal la Frederiksberg la nan Hillerod, DanmakPaj 15: *Jan Batis k ap batize Jezi*, pa Harry Anderson, © IRI; *Go Ye Therefore*, pa Harry Anderson, © IRI. Paj 17: *Jezi k ap beni pitit fi Jayiris la*, pa Greg K. Olsen, © 1990. Nan do: *Anba zèl li*, pa Jay Bryant Ward, © 2004 Jay Bryant Ward.

HAITIAN

